синий красный желтый черный

# Зыужь, ефIакIуэ, нарт лъахэ уардэ!

## Нарткъалэ илъэсищэ ирокъу

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№203-204 (22.612) • 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 18, мэрем • И уасэр соми 6-щ

● Хъыбар гуапэ

## Хэкужьым къэзышэж гъуэгур нэхъ бгъуфIэ мэхъу

«Российская газета» газетым мы гъэм жэпуэгъуэм и 15-м къыдэкIа и номерым тетщ а мафIэм къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэIэпхъуэжыну зи насып кърихьэкIа адыгэхэм ятеухуа тхыгъэ. Ари, УФ-р зи гугъапIэ, зи плъапIэ ди лъэпкъэгъухэм яхуэгъэзауэ ди къэралым иригъэкIуэкI политикэм игъуэта зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызыхэщ нэгъуэщI тхыгъэхэри ди газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэм тетынущи, ахэр мыбдеж щызэпкърытхынкъым. Мы махуэхэм нэгъуэщI зы IуэхуфIи екIуэкIащ адыгэхэм къыдэхьэлIауэ.

Хэкужьым къэзышэж гъуэгур хамэ къэралхэм щыхэхэс адыгэхэм нэхъри бгъуфIэ яхуэщIын зэрыхуейм, Урысей Федерацэр абыхэм я адэжь щIыналъэу къызэралъытэм, дызыхуэкIуэ илъэсым Сочэ щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм адыгэ лъэпкъхэр къызэрыхэщынум теухуауэ щытащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Козак Дмитрий, Краснодар крайм и губернатор Ткачёв Александр, абы и япэ къуэдзэ Хьэту Жамболэт, «Сочи-2014» КъызэгъэпэщакIуэ комитетым и президент Чернышенкэ Дмитрий сымэ хэту жэпуэгъуэм и 16-м екIуэкIа зэIущIэр. Абы ирагъэблэгъат КъБКъУ-р къэзыухауэ хамэ къэрал щыпсэухэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэм и ныбжьэгъухэмрэ я зэгухьэныгъэм хэтхэри, адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэри.

Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ КIэкIыхъу Мэжид къызэрыджиIамкIэ, а зэхуэсым къыщаIэтащ адыгэхэр зыгъэпIейтей Iуэху куэд икIи дэтхэнэми арэзы укъэзыщIын жэуап кърататщ: адыгэхэм ди тхыдэ къулейр, иджыпсту лъэпкъыр зэрыгушхуэ и ехъулIэныгъэхэр дуней псом хэIущIыIу щащIыну Iэмал щагъуэтынущ Олимп Джэгухэр щекIуэкIкIэ къызэрагъэпэщыну щэнхабзэ дауэдапщэхэм.

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,**
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.*

● Хъуэхъу



# Ноби, пщэдеи, игъащIэкIи

**Аруан лъахэм щыпсэухэу, нарткъалэдэсхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!**

**Дызэрыт 2013 гъэр ди районым, абы и къалащхьэм я дежкIэ къызэрымыкIуэщ - Урысей къэралыгъуэм и картэм Нарткъалэ жылэр зэритрэ илъэси 100 ирокъу. Зы къалэм и тхыдэ дежкIэ ар ныбжьышхуэкъым, арщхьэкIэ мафIэгу къэувыIэпIэ станц цIыкIуу къежьэу а зэманым къриубыдэу къалэ екIу къызэрыщIыкIа жылэм и дежкIэ а тхыдэ кIэщIым и дэтхэнэ махуэми мыхьэнэшхуэ иIэщ.**

ЗЫ ИЛЪЭСИ къэнакъым жылэм нэрылъагъуу зыужьыныгъэ щемыкIуэкIыу, ар экономикэ е политикэ, социальнэ е щэнхабзэ унэтIыныгъэ ирехъу. Абы щаухуащ куейм, республикэм я экономикэ зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа промышленнэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэхэр, и цIыхухэр екIуу псэун, къытщIэхъуэ щIэблэм зауужьын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къыхузэрагъэпэщу. ЗыIэригъэхьа апхуэдэ ехъулIэныгъэрщ абы 1955 гъэм «къалэ» статусыр къыщIратар, 1967 гъэм «Нарткъалэ» цIэ уардэр, ди лъэпкъым къыдекIуэкI хьэл-щэн нэхъыфIхэр зыхэлъа нарт лIыхъужьхэм япэджэжыр, къыщIыфIащар. Сэ согуфIэ икIи согушхуэ а цIэм дыхуэфащэу, къалэм и япэ мывэр зыгъэтIылъахэм я мурадахэр зэдгъэхъулIэфу нобэ дыкъызэрыгъуэгурыкIуэм.

Дауи, ехъулIэныгъэхэр езыр-езыру къакIуэркъым. Мы зэманым Нарткъалэ здынэса лъагапIэ псори, зыIэригъэхьа текIуэныгъэхэри зи фIыщIэр дэращ - а нарт щIыпIэм щыпсэу цIыху гуащIафIэхэрщ, абы и зыужьыныгъэм папщIэ зи къаруи, зэфIэкIи, щIэныгъи, зэмани щымысхьахэрщ. Апхуэдэ псэемыблэжыныгъэм и лъабжьэр, шэч хэмылъу, нарткъалэдэсхэм я къалэм хуаIэ лъагъуныгъэ инырщ.

ПщIэ зыхуэсщI нарткъалэдэсхэ! Куей къалащхьэм и илъэси 100-м дэ дыIуощIэ мамырыгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ, зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ ди гъащIэ плъапIэу. А лъапIэныгъэхэр яхуэдвгъэхъумэ къэкIуэну щIэблэхэм, ди нэхъыжьыфIхэм къытхуагъэна а фIыгъуэхэр яхурырехъу абыхэм гъащIэ гъуазэ.

Нобэ, Нарткъалэ и ныбжьыр илъэси 100 щрикъу махуэшхуэм, сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сынывохъуэхъу а гуфIэгъуэ инымкIэ. УзыншагъэфиIэу, насыпрэ зэгурыIуэрэ фи унагъуэхэм илъу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ гъащIэм къыщывэзытын ехъулIэныгъэхэр зыIэрывгъэхьэфу фыпсэуну си гуапэщ!

Зыужь, ефIакIуэ, зыузэщI, дыгъэпс лъахэу Нарткъалэ дахэ!

**КЪАНОКЪУЭ Антемыркъан,**
*Аруан район администрацэм и Iэтащхьэ.*

## Адыгэ жылагъуэхэм я щIэнгъуазэ

№40

**МЕР Владимир:**

# ЕтIуанэ илъэси 100-м ехъулIэныгъэфIхэр диIэу дыхохьэ

*Зи гупсысэхэр зыужьыныгъэм, фIым хуэгъэпса, сыт хуэдэ Iуэхуми хуэмыщхьэх цIыхум куэд зрегъэхъулIэф. Езым зригъэхъулIэфым и мызакъуэу, абы ифI йокI ихъуреягъым щыпсэухэм. Псом хуэдэжкъым ар къулыкъущIэу, унафэщIу щытмэ. Абы щыгъуэм ар зи пашэ IэнатIэр ипэкIэ мэкIуатэ, и Iуэху докI, зыужьыныгъэр и плъапIэу. Апхуэдэ унафэщI щыпкъэхэм ящыщщ иужьрей илъэси 6-м Нарткъалэ администрацэм и Iэтащхьэу лэжьа Мер Владимир.*

*Бауманым и цIэр зэрихьэу Москва дэт техникэ еджапIэ нэхъыщхьэр ехъулIэныгъэкIэ 1979 гъэм къиуха нэужь, инженер-механик IэщIагъэр зэзыгъэгъуэта Мерыр «Телеавтоматика» заводым щылэжьащ. 80 гъэхэм я кIэухым къыщыщIэдзауэ 90 гъэхэм я пэщIэдзэ пщIондэ ар щытащ КПСС-м и Аруан райкомым и идеологие къудамэм и инструктору. ИужькIэ ягъэуващ «Аруангаз» IуэхущIапIэм и къудамэм и пашэу, абы и унафэщIым и къуэдзэу. Мызэ-мытIэу хахащ щIыпIэ самоуправленэм и депутату КъБР-м и Парламентым иджыблагъэ хагъэхьащ.*

*Жыджэрагъышхуэ зыхэлъ, сыт хуэдэ Iуэхури жэуаплыныгъэр зыхищIэу зэфIэзых, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ Мер Владимир Нарткъалэ къалэ администрацэм и Iэтащхьэу зэрыщыта зэманым къалэм хэпщIыкIыу зиужьащ, зэкъым икIи тIэукъым ар щIыналъэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм зэрыхэтар, текIуэныгъэхэр къыщихьу.*

*Нарткъалэ илъэси 100 щрикъу махуэшхуэм ипэ къихуэу, Мерым упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

● Ди псэлъэгъухэр



**- Владимир, псом япэрауэ, иджыри къэс узиунафэщIа къалэм и юбилеймкIэ сынохъуэхъу. ЕхъулIэныгъэщIэхэр къыфхуихьыну, лъагапIэщIэхэм фынэсыну си гуапэщ. Сыт хуэдэу фрихьэлIэрэ махуэшхуэм?**

- Къалэхэр, цIыхухэми хуэдэу, зыр адрейм ещхькъым: дэтхэнэми езым и тхыдэ иIэжщ. Апхуэдэщ Нарткъали. «Мывэ закъуэ къалэ хъурккъым», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Ар пэжщ. МафIэгу къэувыIэпIэу къежьа щIыпIэр иджырей псэукIэ мардэхэр щытепщэ къалэ екIу хъун щхьэкIэ, лэжьыгъэ мащIи ирахьэлIакъым цIыхухэм. Нарткъалэ и етIуанэрей илъэси 100-м сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр диIэу дыхыхьэми, ахэр зи фIыщIэр ди цIыхухэрщ, къалэм и зыужьыныгъэм зи гуащIэшхуэ хэзылъхьа хэкупсэхэрщ.

ГъащIэм и унэтIыныгъэ псоми нэрылъагъу ехъулIэныгъэхэр щызыIэрыдгъэхьауэ къызолъытэ. Къэтщтэнщ промышленностыр. Апхуэдэ предприятэ ину, курыту къалэм дэтхэм гъэ кIуам къалэжьа продукцэр куэдкIэ нэхъыбэщ, ипэ ита илъэсым нэхърэ. ИпэкIэ хэхъуэшхуэ къэзытыр спирт зыхэт продукцэ къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэхэрауэ щытамэ, иджы апхуэдэхэр нэхъ мащIэ хъуащ. Къалэ бюджетым мылъкушхуэ къыхэзылъхьэхэм ящыщщ «Агро+», «Агро-Инвест» ООО-хэр, «Урваньтеплосервис» IуэхущIапIэр, «Къуэшы», «Криптон» уней IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Ухуэныгъэ и лъэныкъуэкIи къалэм и Iуэхухэр Iейкъым. Иужьрей илъэсым зэфIэтхащ ухуэныгъэ-монтаж лэжьыгъэшхуэ. ПсэупIэ унэ екIухэр ттащ. Апхуэдэхэщ «Арка» ООО-м иухуа псэупIэ унитIыр, метр зэбгъузэнатIэ 3600-м щIигъур, уней псэупIэ унэхэу 5-р, «ТАР» зэгухьэныгъэм ищIа, метр зэбгъузэнатIэ 4200-рэ хъу, фэтэр куэду зэхэт псэупIэр, нэгъуэщIхэри. Аруан куейм социальнэу зиужьыным хуэгъэпса программэ хэхар и лъабжьэу, жьы хъуа унэхэм къыщIэдгъэкIри псэупIэщIэхэм щIэдгъэтIысхьащ унагъуэ 80-м нэс, мы гъэм ятыну апхуэдэ еплIанэ унэм я дгъэIэпхъуэнухэри хэту.

**- Къалэ администрацэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и лэжьыгъэм епхахэр. АбыкIэ фи Iуэхухэр дауэ щыта?**

- Нарткъалэдэсхэм псы, хуабагъ, газ хуэдэхэр къызыхуэтыншэу ягъуэтыным, къалэм и теплъэм кIэлъыплъыным, абы щхьуантIагъэхэр щыгъэтIысыным епха лэжьыгъэхэр мы зэманым зэфIах IуэхущIапIэ 12-м. Абыхэм я нэIэм щIэтщ фэтэр куэду зэхэт унэ зэтети 149-рэ уней лъапсэу 4348-рэ. Къалэм и управляющэ компаниехэу, ТСЖ-хэу «Ди унэ», «Жьэгу», «Зэпэщ», «НКЗ», «ЕхъулIэныгъэ», «Колхоз» жыхуиIэхэм, «Горхоз», «Водоканал» IуэхущIапIэхэм я пщэрылъ къалэнхэр ямыгъэзащIэу зы илъэси къанэркъым. Абы хохьэ псэупIэ фондым и щытыкIэм кIэлъыплъыныр икIи, хуей хъумэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыныр, унащхьэхэр хъуэжыныр, сантехникэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэхыныр, нэгъуэщI куэди.

Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэхэр зэфIэдгъэкIащ къалэ гъуэгухэр зэпэщ щIынымкIи. Республикэ программэм дыхэткIэрэ, уэрамхэм асфальтыщIэ тетлъхьащ, гъуэгубгъухэм щыт бордюрэхэр тхъуэжащ, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр нэрылъагъу зыщI нэщэнэхэр щыдгъэуващ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).


Нартхэм я лъахэм и теплъэ уардэр.


Махуэшхуэр псоми зэдаIэт.

# ЕтIуанэ илъэси 100-м ехъулIэныгъэфIхэр диIэу дыхохьэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).*

Ди къалэр дахэу, екIуу, къабзэу, щхъуантIагъэр щыкуэду дапщэщи щытынми гулъытэшхуэ худощI. Къалэ паркым и лъэс лъагъуэхэр иджырей мардэхэм хуэкIуэу къитщIыкIащ, тхыпхъэщIыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъэщIэрэщIа тетIысхьэпIэ екIухэр идгъэуващ, уэздыгъэ дахэхэр фIэддзащ. ДэнэкIи щыкуэдщ удз гъагъэхэмрэ чыцэ цIыкIухэмрэ. ЖыпIэнурамэ, а щIыпIэр хъуащ къалэдэсхэм я гум жьы щыдиху, фIыуэ ялъагъу зыгъэпсэхупIэ нэс. АбыкIэ диIэ ехъулIэныгъэхэр «Горхоз», «Зелёное хозяйство» IуэхущIапIэхэм я фIыщIэщ. Лъэпощхьэпо куэдым ирихьэлIэми, абыхэм хуабжьу гугъу зрагъэхь къалэр къабзэу Iыгъынымкlэ. IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ гуащIафIэхэм, гудзакъэ зиIэхэм я фIыгъэщ езым хуэдэ къалэ цIыкIу куэдым Нарткъалэ гурыхьу къазэрыхэщыр.

**- Владимир, сызэрыщыгъуазэмкIэ, Нарткъалэ мызэ-мытIэу хэтащ «Урысейм и къалэ нэхъ дахэ», «ЩхъуантIагъэр щыкуэд къалэ» къэралпсо зэпеуэхэм, увыпIэфIхэр къыщихьу...**

- Пэжщ, къалэр зыбжанэрэ хэтащ апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм, ехъулIэныгъэхэр иIэу. 2005 гъэм щыIа «Урысейм и къалэ нэхъ зэпэщ» къэралпсо зэпеуэм ещанэ увыпIэр къыщытхьауэ щытащ. Гукъинэ тщыхъуащ 2009 гъэм екIуэкIа апхуэдэ къэралпсо зэпеуэм аргуэру ехъулIэныгъэ лъагэхэр къызэрыщытхьари. Зэхьэзэхуэм и утыку ихьат зи цIыхухэр мини 100-м нэмыс къалэ цIыкIу 78-рэ. КъэпщытакIуэ комиссэм абыхэм къыхагъэбелджылыкIауэ щыта къалэ 14-м Нарткъали яхэхуащ. «Къалэ хозяйствэм зиужьынымкIэ лэжьыгъэфI зэрекIуэкIым папщIэ», «Къалэм хьэрычэтыщIэ Iуэхум лъэпощхьэпоуншэу зэрызыщиужьым папщIэ» щIыхь тхылъхэр къытхуагъэфэщауэ, фэеплъ саугъэтхэр тIэщIэлъу къэдгъэзэжауэ щытащ абы щыгъуэ. А текIуэныгъэм хуэфэщэну иужькIи дыхэтащ нэгъуэщI зэпеуэхэми. Псалъэм папщIэ, «Къалэ нэхъыфI дыдэ» республикэпсо зэпеуэм и дипломымрэ япэ саугъэтымрэ къэтхьащ.

КъызэрыслъытэмкIэ, апхуэдэ зэпеуэхэм нэхъри утрегъэгушхуэ гъащIэр езыгъэфIакIуэ Iуэхугъуэхэр нэхъ жыджэрыжу зэфIэхыным, абы ухуэзышэ Iэмалхэр, хэкIыпIэхэр убзыхуным. А Iуэхугъуэхэм и нэIэ тригъэтщ куей администрацэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Антемыркъан, мыхьэнэшхуэ яриту, сыткIи щIэгъэкъуэн хъууэ. Къалэм и теплъэр егъэфIэкIуэным гудзакъэ яIэу хущытщ абыкIэ лэжьыгъэфIхэр зэфIэзых ди къалэдэсхэу Ерчэн зэшхэу Темболэтрэ Жамболэтрэ, НэщIэпыджэ Альберт, Шондыр Валерэ, Жэмыхъуэ Хьэсэн, Мэкъуэш Эдуард, Сэралъп Заур, Сунш Руслан, Лъакъуэдыгъу Хьэзрит, Къуэшы Азэмэт, Къумахуэ Заур сымэ, нэгъуэщIхэри. Ахэр щIэгъэкъуэн мэхъу социальнэ проект зэмылIэужьыгъуэхэр гъащIэм хэпщэнымкIи.

А псори щIэтщIэр ди къалэдэсхэм я псэукIэр нэхъ тынш, екIу, дахэ тщIын папщIэщ, ди щIэблэм зыужьыныгъэфI ягъуэтын щхьэкIэщ.

**- ЩIэблэм яхуэфщI гулъытэм и хъерщ абыхэм ящыщ куэдым куейм, Нарткъалэм я цIэхэр республикэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм фIыкIэ зэрыщагъэIур.**

- Дропагэ, дрогушхуэ къалэм къыдэхъуэ щIалэгъуалэм зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэм, здынэс лъагапIэхэм. ЩIэныгъэ куу, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу ягъуэтын папщIэ, абыхэм яIэщ Iэмал псори. Ди еджапIэхэм ящыщ куэдым щIэныгъэ хэхахэр кууэ щрагъэдж. Ди гъэсэнхэр хэтщ республикэм, къэралым щекIуэкI олимпиадэхэм, зэпеуэхэм, конференцхэм. Курыт школхэр къэзыух ныбжьыщIэхэм IэщIагъэ щызрагъэгъуэт ди республикэм, ди къэралым и къалэшхуэхэм дэт еджапIэ нэхъыщхьэхэм. ИужькIэ къагъэзэжри, щалъхуа щIыпIэм и зыужьыныгъэм я къарурэ щIэныгъэрэ ирахьэлIэ.

Еджэным къыдэкIуэу дэ диIэщ щIалэгъуалэм спорт, щэнхабзэ, техникэ я лъэныкъуэкIэ ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм зыщрагъэужьын IуэхущIапIэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, макъамэ еджапIэр, художествэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхуагъасэ IэнатIэр. Къэфэным, уэрэд жыIэным дихьэхэр йокIуалIэ ЩэнхабзэмкIэ унэм и гупжьейхэм. ЦIэрыIуэ хъуащ «Нартхасэ», «Нартшыр», «Вдохновение» къэфакIуэ гупхэр, ЩIалэгъуалэ цIыхубэ театрыр, «Дуней телъыджэ» сабий театрыр, Художественнэ творчествэмкIэ школыр, нэгъуэщI гупхэри. Къалэм и щэнхабзэ гупхэм, библиотекэхэм щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI махуэшхуэ пшыхьхэр, къыщызэрагъэпэщ псапащIэ Iуэхухэр, зэхуэзэ купщIафIэхэр. Нарткъалэ щекIуэкI апхуэдэ лэжьыгъэхэм я фIыщIэшхуэ хэлъщ Аруан куей администрацэм щэнхабзэмкIэ и къудамэм и унафэщI Шыгъушх Хьэутий, ЩэнхабзэмкIэ унэм и унафэщI Сапрыкинэ Галинэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Пэрыт Мухьэдин, Къардэн Равидэ, Сэралъп Жаннэ, нэгъуэщIхэми.

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен и фIыгъэкIэ, ди ныбжьыщIэхэм яIэ хъуащ алэрыбгъу зэрыубгъуа футбол губгъуэ. КъыжыIапхъэщ а унафэщI щыпкъэм ди жэрдэм куэд къызэрыддиIыгъыр икIи къалэдэсхэм абы фIыщIэшхуэ худощI.

Къалэм дэт сабий-ныбжьыщIэ спорт еджапIитIым я зыр олимп резервым и школщ. Абы щагъэхьэзыращ дунейпсо классымкIэ спортым и мастеру цIыхуи 8, спортым и мастеру 22-рэ, и кандидату 120-рэ. Къэхъуркъым ди спортсмен ныбжьыщIэхэм илъэсым хуэзэу 50-м щIигъу текIуэныгъэ къытхуамыхьу. Апхуэдэхэщ Къул Рузаннэ, Макаровэ Галинэ, БецIыкIу Ибрэхьим, БищIо Тимур, Къущхьэ Аслъэнбэч сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЭкономикэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ спортымкIэ диIэ апхуэдэ ехъулIэныгъэхэм хуэдэ дяпэкIи дащымыщIэну догугъэ, сыту жыпIэмэ, псом япэрауэ, ди цIыхухэм я нэхъыбапIэр зыужьыныгъэмрэ зыузэщIыныгъэмрэ я телъхьэщ, щалъхуа къалэр, щIыпIэр фIыуэ ялъагъури, ар егъэфIэкIуэным хущIокъу. Куей администрацэми, жыджэру къетхьэжьэ Iуэхухэр къызэрыддиIыгъым, къызэрыддигъэпсынщIэм къыдэкIуэу, езыри Iуэху дахэ куэдым я зэхэублакIуэ мэхъу.

**- Махуэшхуэм ирихьэлIэу сыткIэ захуэбгъэзэнт нарткъалэдэсхэм, Владимир?**

- ПщIэ зыхуэсщI нарткъалэдэсхэм гуапэу сохъуэхъу юбилей махуэшхуэмкIэ. Дэ тщыщ дэтхэнэми щалъхуа щIыпIэм хуиIэ щытыкIэм, хэлъ гудзакъэм елъытащ ди къэкIуэнур адэкIэ зэрыхъунур. Зыхуэдгъэувыж мурадыфIхэм зэгъусэу, зэдэууэ делэжьмэщ ди гъащIэр тынш, щIэшыгъуэ щыхъунур, къытщIэхъуэ щIэблэм сабиигъуэ насыпыфIэ щаIэнур. Къалэм ифI зэрихуэу зи къаруи зэфIэкIи емыблэж дэтхэнэми фIыщIэ ин хузощI. Ди нэхъыжьыфIхэр щагъэлъапIэрэ нэхъыщIэхэм гъуэгу щрату, мамыр дыгъэм и бзийхэр къытепсэу иджыри илъэси 100 куэдкIэ щрырейэ Нарткъалэ. Махуэшхуэр угъурлы тхурырехъу!

*Епсэлъар*
**ЖЫЛАСЭ Маритэщ.**

● Тхыдэм и лъагъуэхэмкIэ

# Нартхэм я къалэ

**Зыужьыныгъэм и гъуэгур зэи щытакъым тыншу. Сыт хуэдэ лэжьыгъэфIми текIуэныгъэ инми я щIыбагъ къыдэлъщ цIыху гъащIэхэр, щыщIэныгъэхэр, гугъуехьхэр. Зи ныбжьыр илъэси 100 ирикъу Нарткъалэ къикIуа гъуэгуанэри гъэнщIащ апхуэдэ IуэхухэмкIэ. Апхуэдэуи абы хыболъагъукI къалэм игъуэта зыузэщIыныгъэм щыхьэт техъуэ IуэхугъуэфIхэр, ехъулIэныгъэ лъагэхэр, псом я щхьэращи, щапхъэу бгъэлъагъуэ хъуну цIыху гъащIэ купщIафIэхэр.**

«НАРТХЭМ я къалэ»-кIэ нобэ зэджэ жылэ Iумахуэм щIэдзапIэ хуэхъуар 1913 гъэм абы щаухуауэ щыта гъущI гъуэгу станцырщ. Налшыкрэ Котляревскэ станицэмрэ зэпызыщIэ а къэувыIэпIэм «Докшукино» цIэр игъуэтауэ щытащ нэхъ пэгъунэгъу дыдэу къыщылъ Дэхъушокъуэхэ я къуажэм (иджы Къэхъуным) зэреджэм ещхьу. ПсыпцIэм зэщIищта щIыпIэм мафIэгур къызэрыкIуэфыр тхьэмахуэм тIэу къудейрэт. ЩIыналъэ зыужьыныгъэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэт «Докшукино» станцым. Абы и фIыгъэкIэ заубгъуащ ди республикэмрэ нэгъуэщI щIыпIэхэмрэ яку дэлъ сату зэпыщIэныгъэхэм, Налшыки хъуащ цIыху кIуапIэ, зыгъэпсэхупIэ.

Гъавэ бэв гъэкIынымкIэ нэхъапэми цIэрыIуэу щыта ди щIыналъэм сатуущIхэр къызэхуежат. Псом хуэмыдэу щIэупщIэшхуэ иIэт нартыхум, гуэдзым. Ахэр Урысейм и щIыпIэ жыжьэхэм нагъэсыфырт мафIэгухэмкIэ.

1920 гъэм станцым пэгъунэгъуу къыщызэIуахащ гъавэхэр здрашалIэ, ахэр мафIэгухэм илъхьэным щыхуагъэхьэзыр пункт. Жэщ-махуэ имыIэу лажьэ станцыр жэщым фэтыджэн уэздыгъэкIэ къагъэнэхурт, мафIэгухэр лъэпощхьэпоуншэу къытехьэн, къыщыувыIэн папщIэ.

Япэ илъэсхэм станцым и унафэщIу щытащ Еленовский Егор. Станцымрэ хъумапIэмрэ пэмыжыжьэу къыщащI псэупIэхэм щIэс унагъуэхэм я сабийхэр щеджэн папщIэ, станцым и унэм щыщ зы пэш а Iуэхум хухахыну Еленовскэм унафэ ищIауэ щытащ. Апхуэдэуи ящIащ. Станцымрэ хъумапIэ пунктымрэ щылажьэхэм я бынхэм дерс зэхуэмыдэхэр иратырт тхьэмахуэм тIэунейрэ Налшык къикI егъэджакIуэхэм.

Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 1921 гъэм ирихьэлIэу станцым и Iэшэлъашэм къыщыхъуащ жылэ цIыкIу, «Докшукино»-кIэ еджэу. Ар Къэхъун къуажэ Советым и унафэм щIагъэуващ щытащ.

Нарткъалэ зыужьыныгъэшхуэ щигъуэтар лIэщIыгъуэ блэкIам и 30 гъэхэрщ. Абы ирихьэлIэу жылагъуэм щаухуакIэт гъавэ хъумапIэ хъарзынэ. «Посёлок» цIэр зыгъуэта а жылэ цIыкIум и цIыхухэми къахэхъуэ зэпытт. Абы иджы щыпсэурт унагъуэ 35-рэ, цIыхуи 160-рэ хъууэ. А бжыгъэхэм адэкIи хэзыгъахъуэ щхьэусыгъуэхэм ящыщт щIыпIэм спирт завод щаухуэу зэрыщыщIадзар. Ар зэфIэгъэувэным жыджэру хэтащ щIыналъэм, къэралым я щIалэгъуалэр, хамэ щIыпIэхэм къикIа IэщIагъэлIхэр, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр. А заводым и япэрей унафэщIу щытащ Iэщнокъуэ Iэмин, Рейнгард Андрей сымэ.

1932 гъэм жылэм дащIыхьащ щIыдагъэ хъумапIэ. Абы гъэсыныпхъэкIэ къызэригъэпэщырт Аруан, Совет (иджы Шэрэдж) куейхэм щыIэ IуэхущIапIэхэр, колхозхэр, совхозхэр. Жылэр зыхыхьэ районым и центрыр абы щыгъуэ здэщыIэр Старэ Шэрэджт. 1934 гъэм посёлкэм лажьэу щыщIидзащ пхъэщхьэмыщхьэхэм, хадэхэкIхэм щелэжь комбинатым (иджырей консерв заводым).

Апхуэдэурэ, щIыпIэм промышленностым зыщиужьыху, зиузэщIащ жылэ цIыкIуми. IэнатIэщIэхэр къызэIуахыху, абыхэм щылажьэ цIыхухэми я бжыгъэм хэхъуэрт, псэупIэ унэщIэхэри щаухуэрт. 1935 гъэм ирихьэлIэу Докшукинэм иIэж хъуащ езым и жылэ Совет. Абы и япэрей унафэщIу щытащ Iэщын ЛIыхъу.

Ауэрэ екIуэкIыурэ, посёлкэм къалафэ къытеуащ. Абы иIэт радио, телефон, и уэрамхэм уэздыгъэхэр къыщыблэрт. Щаухуат сымаджэщ, лъхуапIэ унэ, школ, клуб. 1939 гъэм абы щыпсэурт цIыху мини 5-м щIигъу. БлэкIа илъэси 10-м къриубыдэу абы и цIыхухэм я бжыгъэм хэхъуат хуэдэ 30-м щIигъукIэ. А лъэхъэнэм жылэм фIащауэ щытащ «къалэ теплъэ зиIэ посёлкэ» жиIэу.

***(КIэухыр 4-нэ нап.).***

• ХэкулIхэр

# Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

**Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Лениным и орденыр щэнейрэ, Октябрь Революцэ, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь, Вагъуэ Плъыжь орденхэр, медаль куэд зыхуагъэфэща Ахъмэт Мусэбий ХьэпIытIэ и къуэр ящыщщ Аруан куейм, Нарткъалэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэхэм. ЗэфIэкIышхуэ зиIэ къызэгъэпэщакIуэ Iэзэр партым здигъакIуэ дэтхэнэ IэнатIэми пэрытт, жэуаплыныгъэ зыхищIэу, жэрдэмыщIэхэр къыщыхилъхьэу.**

ПАРТ, хозяйствэ унафэщI губзыгъэ Ахъмэтым къэрал Iуэхур япэ зэрыригъэщым, и дуней тетыкIэ дахэм адрей къулыкъущIэ куэдым къахигъэщхьэхукIырт. А хьэл-щэнхэрщ, апхуэдэ Iуэху зехьэкIэхэрщ абы гъуэгугъэлъагъуэу иIар, Аруан районым тхьэмадэу щагъэкIуам щыгъуи. Мусэбий и къаруилъыгъуэ дахэт: илъэс 40-м зэрыщIигъуа щыIэтэкъым. Куейр инт, лэжьыпхъэхэри щымащIэтэкъым. Абы колхоз пщыкIуз щызэхэтт, совхозхэр хы хъурт, промышленнэ предприятэхэр, ухуакIуэ организацэхэр, щэнхабзэ-узэщIакIуэ IуэхущIапIэхэр, нэгъуэщIхэри щыкуэдт. А псоми ялъэIэсын, я щытыкIэм и нэIэ тригъэтын хуейт. ФIэлIыкIышхуэ зиIэ унафэщI емызэшым, нэхущым щIидзэрти жэщ хъуху, ахэр зэлъигъэIэсырт, я Iуэху зытетыр зригъащIэрт. «МафIэр къызыпих секретарь», «мафIэ зэщIэгъэна секретарь» цIэ лейхэр Шэджэм куейм къызыщыфIаща Ахъмэтыр ипэжыпIэкIэ куэд дыдэм хунэсырт, Iэджэм гу лъитэрт.

Колхозхэмрэ совхозхэмрэ я парт организацэхэм я IуэхущIафэм Мусэбий фIыуэ щыгъуазэт. ИкIи ар къызэрилъытэр, зыгуэрхэм хуаIуатэр мыхъуу, езым ядилъагъухэмкIэт, я лэжьыгъэр къызэрызэрагъэпэщ, зэраунэтI щIыкIэрт. Зи къалэным пэмылъэщым е ирагъэза дзыхьыр зымыгъэпэжым парт IэнатIэм зыщригъэIэжьэнутэкъым.

КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Мэлбахъуэ Тимборэ абы теухуауэ мыпхуэдэу итхыгъащ: «Ныбжьэгъу Ахъмэтыр республикэм и лэжьакIуэ нэхъ жыджэр дыдэхэм ящыщщ, Аруан районым и цIыхубэ хозяйствэм и IэнатIэхэр IэкIуэлъакIуэу еунэтI. МэкъумэшхэкIхэр щэнымкIэ куейм къыпэщыта илъэситху планыр проценти 128-кIэ игъэзэщIащ. 1965 гъэм гектар къэс хуэзэу ику иту нартыхуу центнер 40,8-рэ, 1966 гъэм центнер 41,4-рэ, 1967 гъэм центнер 61,7-рэ, 1968 гъэм центнер 47,5-рэ къыщрахьэлIэжащ».

Мы гъащIэм Iуэхушхуэхэр къызэрыщыпэплъэр ищIэ нэхъей, кърагъэза дзыхьым иригушхуэу жэуаплыныгъэ ин зыпылъ гъуэгум техьауэ щыта Ахъмэт Мусэбий «ЛIыхъужьхэм я ЛIыхъужь» жригъэIащ. АдыгэлI нэсым и зэфIэкIыр къэрал псом хэIущIыIу щищIащ, щIылъэ-анэм зэрибыныр и къэмылэнджэж лэжьыгъэмкIэ игъэпэжащ. ЛIыгъэ щызэрахьэм ЛIыхъужьхэри щыIэщ. И IэнатIэм щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэ инхэм къапэкIуэу, 1966 гъэм мэкъуауэгъуэм и 23-м СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УказкIэ Ахъмэт Мусэбий ХьэпIытIэ и къуэм Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэ лъапIэр къыфIащащ.


Ахъмэт Мусэбий

Къызыхэхъухьа лъэхъэнэр лэжьыгъэшхуэкIэ зыгъэнщIа цIыху щыпкъэ Ахъмэт Мусэбий зи цIэр лъэпкъым и тхыдэм дыщэпскIэ изытхэжа адыгэлI нэсхэм ящыщщ. Ахъмэтым и цIэр зэрехьэ Нарткъалэ и уэрамхэм ящыщ зым.

**АРУАН Алий.**




• МафIае лъэхъэнэр

# «Псори фронтым папщIэ...»

**Нарткъалэ и гуащIэрыпсэухэми яхуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуащIащ ТекIуэныгъэ Иным и махуэр нэхъ псынщIэу къэсыным. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ, къалэм дэт IуэхущIапIэхэм пэкIухэр щызэхэтащ, фашистхэм ялэжь щIэпхъаджагъэхэм я бийуэ. «Псори фронтым папщIэ! Псори ТекIуэныгъэм щхьэкIэ!» къэралпсо къыхуеджэныгъэр нарткъалэдэсхэми я гъуазэт.**

КЪАЛЭМ дэс щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ военкоматым кIуэрти фронтым ягъэкIуэну щIэлъэIурт. Заводхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я нэхъыбапIэр зауэм зэрыдэкIам къыхэкIыу, абыхэм я пIэм иувэрт бзылъхугъэхэр, балигъыпIэ имыува ныбжьыщIэхэр, сабийхэр.

СССР-м и ЦIыхубэ Комиссариатым и унафэкIэ, Нарткъалэ дэт спирт заводым ацетон къыщIигъэкIыу зэтраухуащ икIи дзэм, иужькIэ фронтым хуэлажьэу хуежьащ. Нэмыцэхэр ди республикэм къыщихьам щыгъуэ, ацетон-бутил заводыр къагъэувыIащ икIи Iэмэпсымэхэр, станокхэр псори Уралым ирагъэшащ. ИужькIэ, бийр ди щIыналъэм ирахужа нэужь, зыхъумэжыныгъэм и предприятэхэм ящыщу ялъыта ацетон-бутил заводым и лэжьыгъэр зэтраухуэжащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, Уралым яша Iэмэпсымэхэм зы винт закъуи хэмыщIауэ Нарткъалэ къашэжат.

Хэку зауэшхуэр екIуэкIыху, заводым лэжьыгъэшхуэ щызэфIахащ. Жэщ-махуэ ямыIэу лажьэрт абы и цIыхухэр, зыхуагъэувыж къалэнхэр ипэ иту ягъэзащIэу. «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» газетым итхырт: «Iэщнокъуэ Iэмин зи унафэщIу Нарткъалэ дэт ацетон-бутил заводым стахановец куэд къыщыунэхуащ иужьрей махуэхэм. Псом япэ итщ энергоцехыр, абы къыкIэлъокIуэ механикэ цехыр...»

Аруан куейм и гуащIэрыпсэухэм 1943 гъэм зэхуахьэсауэ щытащ «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» танк колоннэ зэращIын ахъшэ, сом мин 690-рэ хъууэ.

Дохъушыкъуей консерв заводым и комсомол зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ щIалэгъуалэ бригадэ къызэрагъэпэщауэ щытащ. Абы хэтхэм псалъэ быдэ ятат я къалэнхэр планым куэдкIэ щIигъуу ягъэзэщIэну, фронтым сэбэп хуэхъун продукцэ нэхъыбэ къыщIагъэкIыну. Заводым и лэжьакIуэхэм ящыщ куэдым фронтым Iутхэм папщIэ щыгъын хуабэхэр зэхуахьэсауэ щытащ. Зауэ губгъуэм итхэм щхьэкIэ цIыхухэм кърахьэлIэрт кIагуэхэр, цыджанэхэр, джэдыгу кIэщIхэр, пыIэхэр, цы лъэпэдхэр, Iэлъэхэр, гъуэншэдж дытахэр, нэгъуэщIхэри. Ахэр зыIэрыхьэ совет зауэлIхэр хуабжьу хуэныкъуэт апхуэдэ тыгъэм икIи къызэрымыкIуэу абыхэм щыгуфIыкIырт.

ТекIуэныгъэ Иныр къэхъыным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуищIащ Дохъушыкъуей шагъыр заводми. Абы и лэжьакIуэхэм фронтым и фондым халъхьащ сом мин 370-рэ - дэтхэнэми и мазитI улахуэр. Абы щхьэкIэ Сталиным къахуигъэхьауэ щыта тхыгъэм итт: «Дохъушыкъуей шагъыр заводым и лэжьакIуэхэм, инженер-техникэ IэщIагъэлIхэм «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм - ажал!» танк колоннэ зэращIын ахъшэ зэрызэхуахьэсам папщIэ фIыщIэ зэрахуэсщIыр схуажефIэжыну сыныволъэIу, Дзэ Плъыжьым и фIыщIэри щIыгъуу».

Нарткъалэ щолажьэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэ. Илъэс куэдкIэ абы и унафэщIу щытащ Мэремкъул Нажмудин. Зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI ТекIуэныгъэ Иным папщIэ зэуахэм, зи псэр зытахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжыным, абыхэм я гъащIэ щапхъэм къытщIэхъуэ щIэблэр щIэпIыкIыным. Куейм, къалэм я унафэщIхэми гулъытэшхуэ хуащI а Iуэхум. Махуэшхуэхэм деж нэхъыжьыфIхэр ягъафIэ, тыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр хуащIу.

**ТАМБИЙ Линэ.**



# Нартхэм я къалэ

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр 2-нэ нап.)*

Лэжьыгъэшхуэ щекIуэкI жылэм и мамыр гъащIэр къызэпиудащ 1941 гъэм къэхъеяуэ щыта Хэку зауэшхуэм. Абы щыпсэухэм ящыщу фронтым кIуащ цIыху миным нэблагъэ. 1942 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Докшукинэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм яубыдащ. МазитIым щIигъукIэ бийр дэсащ жылэм. Абыхэм зэтракъутат связыр, псы зэрыкIуэ бжьамийхэр, заводхэмрэ гъущI гъуэгу вокзалымрэ къагъэуат. Псори зэхэту къапщтэмэ, бийм жылэм къыхуихьа хэщIыныгъэр сом мелуани 10-м щIигъу и уасэ хъурт. 1943 гъэм и щIышылэм и 4-м жылэр хуит къащIыжауэ щыташ советыдзэм и зауэлIхэм. Нарткъалэдэсхэм ящыщ куэдым я псэр щIатащ ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къихьыным. Зауэм дэкIахэм ящыщу псэууэ къэзыгъэзэжар цIыху 417-рэ къудейт. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, лIыгъэ зэрахьэу абы хэтахэм я фэеплъ сын иужькIэ дащIыхьащ къалэкум. Зи дамэпкъ зэгъэкъуа щIалитIыр - урысымрэ адыгэмрэ - я дамыгъэщ Нарткъалэ щыпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэ быдэм, зэгурыIуэныгъэм. Жылэр щытIысагъащIи илъэсищэ ныбжьым щынэсаи - дапщэщи абы щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэту хуолажьэ я лъахэм я ехъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм, зэIузэпэщыгъэм.

1944 гъэм накъыгъэм и 29-м РСФСР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Аруан куейм и центрыр Старэ Шэрэдж къыдахри, зыужьыныгъэфI зыгъуэта Докшукинэм къахьащ. Жылэм нэхъ псынщIэжу зиузэщIу хуежьащ. Абы нэхъыбэжу къыщызэIуахащ егъэджэныгъэ, медицинэ, щэнхабзэ, пощт, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыхуащIэ нэгъуэщI IэнатIэхэр. Нэхъри заужьащ промышленнэ IуэхущIапIэхэм. Илъэс 11 дэкIри, 1955 гъэм, Дохъушыкъуей посёлкэр къалэ хъуауэ къалытащ. Абы дэтт чырбыш завод, фэм щелэжь комбинат, цIыху 300 зэрыхуэ стадион, сабии 100 зэкIуалIэ сабий сад, куей сымаджэщ. 1967 гъэм жылэм игъуэтащ нобэрей и фIэщыгъэ дахэр - Нарткъалэ.

ЛIэщIыгъуэ блэкIам и 70 - 80 гъэхэм Нарткъалэ ухуэныгъэ инхэр щекIуэкIащ. Абы школыщIэхэр, сабий садхэр, хьэщIэщ, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ унэр, «Телеавтоматика» заводыр дащIыхьащ. ПсэупIэ унэ дэгъуэхэр къыщыунэхуащ къалэм къыпагъэхъуа микрорайон цIыкIухэм, зыгъэпсэхупIэ паркым, къалэ гуэлым я лъабжьэхэр ягъэтIылъащ, кинотеатр, связымкIэ IуэхущIапIэ ин, нэчыхь щатх уардэунэ къызэIуахащ. А илъэсхэм Аруан куейм и унафэщIу щыташ иужькIэ ди республикэм и япэ Президент хъуа КIуэкIуэ Валерэ. ЦIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ КIуэкIуэм зэфIиха Iуэху псори къытхуебжэкIынукъым, ауэ къыжыIапхъэщ ар куейм и тхьэмадэу щыщыта лъэхъэнэм илъэс къэс фэтэр 200 яухуэу зэрыщытар. Фэтэр 400 хъу апхуэдэ псэупIэ унэшхуэ зэратым къыхузэрагъэпэща дауэдапщэм кърихьэлIауэ щыта Мэлбахъуэ Тиморэ Нарткъалэ игъуэт зыужьыныгъэм апхуэдизу щыгуфIыкIати, гушыIауэ щытащ, ауэрэ екIуэкIмэ, ар республикэм и къалащхьэ хъункIэ хъуну.

90 гъэхэм, къэралым, республикэм я жылэ инхэми хуэдэу, Нарткъали зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, къэрал IуэхущIапIэхэм ящыщ куэд акционер зэгухьэныгъэхэм, уней мылъкухэм хуагъэкIуащ, хьэрычэтыщIэ Iуэхум жыджэру зыщиужьащ.

МафIэгу къэувыIэпIэу, гъавэ зэхуэхьэсыпIэу къэунэхуа станц цIыкIур нобэ ди республикэм, Кавказ Ищхъэрэм я жылэ нэхъ дахэ дыдэхэм, щхъуантIагъэр зи бэхэм ящыщщ. Гектар 943-рэ зыубыд къалэм щопсэу Аруан куейм цIыхуу исым я Iыхьэ щанэм щIигъур: мин 36-м нэс. Зы унагъуэ зэгурыIуэу зэдопсэу адыгэхэри, балъкъэрхэри, урысхэри, къущхьэхэри, тыркухэри, алыджхэри, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIа псори. Абы дэтщ промышленнэ IуэхущIапIэ ину 20-м щIигъу, курыт школи 6, сабий сад зыбжанэ, ухуакIуэ гуп щхьэхуэхэу 10-м нэс, транспортым, связым, энергетикэм я предприятэ инхэр, типографие, «Маяк» газетым и редакцэр, шхапIэ дэгъуэхэр, тыкуэн ехьэжьахэр, бизнес-центрыр, спорт, макъамэ школхэр, сабий джэгупIэ ут цIыкIухэр, зыгъэпсэхупIэ паркхэр. ЕхъулIэныгъэфIхэр зыIэрагъэхьэ технологие пэрытхэр шэщIауэ къыщагъэсэбэп «Агро+», «Стандарт-спирт», «Эрпак», «Винзавод», «Агрохимие», нэгъуэщI IуэхущIапIэ лъэрызехьэхэм. Къалэ дэлъэдапIэм щаухуа гъэсыныпхъэ игъэхъуапIэхэр екIущ икIи дахэщ. Къалэ уэрамхэм тета светофорхэр иджырей мардэм къитIэсхэмкIэ зэрызэрахъуэкIрэ куэд щIакъым.

Нарткъалэ игъуэта зыужьыныгъэр зи фIыщIэр абы и цIыхухэрщ, и Iуэхухэр, и псэукIэр зыунэтIа куей, къалэ унафэщIу щытахэрщ. А Iуэхухэм зи гуащIэ хьэлэл хэзылъхьахэм ящыщщ КIуэкIуэ Валерэ, Ахъмэт Мусэбий, Къандэхъу Мухьэрбий, ГъукIапщэ Мухьэмэд, Хьэсанэ Хьэжмурид, Жамборэ Суфьян, Щоджэн Мухьэмэд, Бозий Натбий, Ерчэн Темболэт, Балъкъыз Замир, Къудей Руслан, Джатэжьей Борис, Таймасхъан Адылбэч, Уэркъуасэ Анатолэ, Хьэмгъуокъу Леонид, нэгъуэщIхэри. Къалэм и япэ прокурору щытащ Щынахъуэ Мухьэмэд.

Жылэ Iумахуэм и гъащIэр нобэ яунэтI Аруан куей администрацэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Антемыркъан, къалэм и унафэщI Мер Владимир сымэ, абы щыпсэу хэкупсэ цIыхухэм. И уэрамхэм я къабзагъэкIэ, унэхэм я теплъэ дахэмкIэ, щыпсэу цIыхухэм я нэгум кърих гуапагъэмкIэ адрей къалэ цIыкIухэм йофIэкI Нарткъалэ. Абы и щыхьэтщ къалэ цIыкIухэм я къэралпсо зэпеуэхэм ар мызэ-мытIэу пашэ зэрыщыхъуар.

Тхыдэм къыфIища цIэ уардэм - Нарткъалэ - хуэфащэу зэрыпсэуным дапщэщи хущIокъу къалэдэсхэр. ЕхъулIэныгъэм, зыузэщIыныгъэм я гъуэгум тет жылэр илъэс минкIэрэ ущыIэну дынохъуэхъу!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**



**Докшукино гъущI гъуэгу станцыр.**



**Къалэ парк ихьэпIэр.** *1971 гъэ*



**Япэ унэ зэтетхэр.** *1960 гъэ*



**Сату центрыр.** *1995 гъэ*



**Щынахъуэ Мухьэмэд**



**Щоджэн Мухьэмэд**



**Таймасханов Адылбэч**



**Уэркъуасэ Анатолэ**



**Нарткъалэ бэзэрым и дыхьэпIэр.**



**Уэрам нэхъыщхьэм зыкърех.**



**Мэжджытыр - Тхьэм и унэр.**



**Нарткъалэ щекIуэкI махуэшхуэм хэтщ КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ зи пашэ хьэщIэ лъапIэхэр.** *2000 гъэ*



**Нартхэм я щIэблэ узыншэ.**

● Япэ итахэр

# Хэкупсэ нэс

**ЩыIэщ цIыху щалъхуа хэкум, щIыналъэм я тхыдэмрэ езым и гъащIэмрэ зэхэухуэнауэ псэу. Абыхэм гурэ псэкIэ зыхащIэ хэкум и щыщIэныгъэхэри, апхуэдэ дыдэуи ирогушхуэ икIи иропагэ абы и ехъулIэныгъэхэми. Зи гугъу тщIы цIыхухэм я щапхъэщ Нарткъалэ и япэ унафэщIхэм ящыща Хьэсанэ Хьэжмурид Ахьмэд и къуэр. Абы и нэгу щIэкIащ къалэм къикIуа гъуэгум абы и цIыхухэр щызрихьэлIа лъэпощхьэпохэри здынэсыфа лъагапIэхэри.**

ХЬЭСАНЭ Хьэжмурид 1907 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. ЩIалэ гурыхуэм щIэныгъэ щызригъэгъуэтащ Ленин еджапIэ къалэ цIыкIум. Хьэжмурид и ныбжьыр илъэс 20 ирикъуа къудейт, абы жэуаплыныгъэ зыпылъ къулыкъу къыщыхуагъэфэщам щыгъуэ - 1927 гъэм ар ягъэуващ Псыгуэнсу къуажэм и кредит зэгухьэныгъэм и унафэщIу. ЗэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъу гу зылъата IэщIагъэлI ныбжьыщIэм илъэсищ нэхъ дэмыкIыу дзыхь къыхуащIащ Аруан куейм финансхэмкIэ и къудамэм и лэжьыгъэр зэригъэкIуэну. Абы къыщыщIэдзауэ Хьэсанэм, пэрыкI имыIэу, щIыпIэм щызэрихьащ парт, совет, хозяйствэ IэнатIэ куэд. Ар щытащ Псыгуэнсу, Старэ Лэскэн (иджы Анзорей) жылэхэм къыщызэрагъэпэща колхозхэм я тхьэмадэу, абыхэм я парт зэгухьэныгъэхэм я секретару. 1937 гъэм Хьэсанэр ягъэуващ КПСС-м и Лэскэн райкомым и япэ секретару. Зыпэрыт дэтхэнэ IэнатIэри езыгъэфIакIуэу еса хэкупсэр абдежми иужь щихьащ Iуэхум жэрдэмыщIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ хилъхьэну, арщхьэкIэ зэман бзаджэм и «мывэ щхьэлым» дихьэри, хуабжьу гугъу ехьащ. ХуэмыфащэуIщэу къытралъхьа пцIыхэр тегъэщIапIэ ящIри, Хьэсанэр партым къыхагъэкIащ, и къулыкъуми трагъэкIащ. Ауэ гъащIэм и гугъуехьхэм зэфIащIыкIакъым цIыху


Хьэсанэ Хьэжмурид

зэтетыр, пэжыр. Хэку зауэшхуэр къэхъея нэужь, 1942 гъэм ар езым и лъэIукIэ фронтым кIуащ икIи псэемыблэжу япэщIэтащ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм. Волгоград, Курск, Киев и Iэшэлъашэхэм щекIуэкIа зауэ гуащIэхэм, Европэм и къалэхэр хуит къэзыщIыжахэм, Берлин нэсахэм яхэтащ адыгэ щIалэ хахуэр. Зауэм и губгъуэхэм щызэрихьа лIыгъэхэм папщIэ, Хьэсанэм къыхуагъэфэщащ орденхэр, медалхэр. Партым, хэкум, цIыхубэм яхуэпэж хэкупсэм и дежкIэ нэхъыщхьэрати, абы аргуэру дзыхь къыхуащIыжащ «коммунист» цIэр зэрихьэну.

Щалъхуа и щIыналъэм 1945 гъэм къигъэзэжащ Хьэсанэм икIи Зэрэгъыж къуажэм щызэхэт колхозым и председателу ягъэуващ. ИужькIэ ар щытащ дагъэ щыщIахуу, кхъуей щыхахыу Къэхъун дэта заводым и унафэщIу.

1955 гъэм Хьэсанэ Хьэжмурид хахащ Докшукинэ посёлкэм и советым и тхьэмадэу. Хьэсанэр а къулыкъум тетащ жылэ цIыкIур къалэ щащIам. Нарткъалэ и япэ унафэщI къалэныр Хьэжмурид къызыхуэтыншэу, адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу ирихьэкIащ. Абы и тетыгъуэм жылэм хэпщIыкIыу зиужьащ. Абы къыдэхъуащ еджапIэ, щэнхабзэ, промышленнэ IэнатIэщIэхэр, щаухуащ псэупIэ унэщIэхэр.

ИщIэну псоми хунэмысу дунейм ехыжащ щалъхуа щIыналъэм и ехъулIэныгъэм хэлъхьэныгъэ инхэр хуэзыщIа хэкупсэ нэсыр. Абы и гъащIэ щапхъэр гъуэгугъэлъагъуэ яхуэхъуащ къыщIэна и бынхэм. Зэщхьэгъусэхэу Хьэсанэхэ Хьэжмуридрэ Iэминатрэ быниц зэдапIащ. Я щIалэ Анатолэ, и адэм ещхьу, парт, совет, хозяйствэ къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр щIыхь пылъу ирихьэкIащ. Хъыджэбзхэу Лидэрэ Лоттэрэ дохутыр IэщIагъэм хуеджахэщ. Унагъуэм яхуэфащэ дыдэу къахыхьащ я нысэ закъуэ, СССР-м и цIыхубэ егъэджакIуэ Къанщыкъуей (Хьэсанэ) Риммэ. Адэшхуэм и фэеплъыр сакъыу яхъумэ абыхэм къащIэхъуэ щIэблэхэми.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

# Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ

**Ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен гулъытэшхуэ хуещI щIыналъэм щIэблэ узыншэ, спорт зэфIэкI лъагэхэр зыбгъэдэлъ къихъуэным. Мыхьэнэшхуэ зиIэ а лъэпкъ Iуэхур игъэнэхъапэу, ар набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ спорт-физкультурэ IуэхущIапIэхэр къызыхуэтыншэу лэжьэным, зыгъэсапIэщIэхэр щIыналъэм къыщызэIухыным. Къанокъуэ Арсен и жэрдэмкIэ Нарткъалэ мы зэманым щаухуэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ физкультурэ центрышхуэ.**

УХУЭНЫГЪЭХЭР ирегъэкIуэкI «ЖилКомИнвест» зэгухьэныгъэм. Унищу зэхэтыну центрым еубыд метр зэбгъузэнатIэ мини 4-м щIигъу. Абы хэтынущ псы есыпIэ ин, зыгъэпскIыпIэхэр, псым и щытыкIэр къыщапщытэ лабораторэр, зыгъэпсэхупIэ пэшхэр, спорт лIэужьыгъуэ куэдым зыщыхуагъасэ IэнатIэхэр, методикэ, медицинэ кабинетхэр, нэгъуэщIхэри.

Къалэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу хьэзыр мыхъунуми, нарткъалэдэсхэр хуабжьу щогуфIыкI республикэм и Iэтащхьэм къахуищIа апхуэдэ гулъытэм. Псом хуэдэжкъым сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ. Ахэр хуэныкъуэщ зыщагъэсэн, я узыншагъэр щрагъэфIэкIуэн апхуэдэ IуэхущIапIэ.

ЖЫЛЭГЪУЭТ Марэ.

# ЛЪЭУЖЬ

**Жамборэ Суфян Шу и къуэр ящыщщ Нарткъалэ и тхыдэм лъэужь дахэ къыщызыгъэна хэкупсэхэм. «Къалэ» статусыр зыгъуэтагъащIэ жылэм и япэ унафэщIхэм яхэта а лIы ахъырзэманым бгъэдэлъа зэфIэкIымрэ иIа пщIэмрэ ноби ящIэж нарткъалэдэс нэхъыжьыфIхэм.**

КЪЭХЪУН къуажэм 1926 гъэм къыщалъхуащ Жамборэр. Курыт школым фIы дыдэу щеджащ, зыхэс гупым я пашэу, и щIэныгъэкIи гъэсэныгъэкIи къахэщу. Курыт щIэныгъэ зригъэгъуэтыным зы илъэс фIэкIа къэмынэжауэ, нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр ди щIыналъэм къэсати, еджэныр зэпигъэун хуей хъуащ. Езым и лъэхъэнэгъу ныбжьыщIэ минхэми хуэдэу, щIалэ цIыкIум и нэгу щIэкIащ бийм илэжь щIэпхъаджагъэхэр, зэрихьэ лейр. Суфян и гуи и пси ящIэузырт письмо щимэхэм я пIэкIэ гуауэ тхылъымпIэ гъуабжэр къызыIэрыхьэ и къуажэгъухэм.

Бийр ди щIыналъэм ирахужа нэужь, къуажэм къыщызэIуахыжа школым сабийхэм еджэным щыпащэжащ. ЕхъулIэныгъэ иIэу школыр къиуха нэужь, щIалэ губзыгъэр къуажэ советым секретару къащтащ. Зэрылажьэм хуэдэурэ, ар щIэтIысхьащ юристхэр щагъэхьэзыру Налшык дэта школым. IэщIагъэ зэзыгъэгъуэта щIалэщIэр следователу щылэжьащ Куба, Аруан районхэм, юристхэм чэнджэщ щат IуэхущIапIэхэм я унафэр IэщIэлъащ, райисполкомым и секретару, Дохъушыкъуей химзаводым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

1967 гъэм Жамборэ Суфян ягъэуващ Нарткъалэ къалэ советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIу. Абы и нэIэм щIэту къалэм ухуэныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щекIуэкIащ. Жамборэм и фIыгъэкIэ а лъэхъэнэм псэупIэ унэщIэхэм щIэтIысхьауэ щытащ унагъуищэхэр. Хэкупсэм гулъытэшхуэ хуищIырт Нарткъалэ и уэрамхэр, уней лъапсэхэм я куэбжэпэхэр къабзэу щыгъэтыным. Къалэдэсхэми даIыгът Жамборэм и жэрдэмыщIэхэр икIи сыт и лъэныкъуэкIи абы сэбэп къыхуэхъурт.

Илъэс 14-м нэскIэ пэрытащ Жамборэр а къулыкъу гугъум, дзыхь къыхуащIа IэнатIэр иригъэфIакIуэу, цIыхухэри къыхуэарэзыуэ. Пенсэм кIуэн и пэкIэ, абы зэрихьащ жэуаплыныгъэ зыпылъ нэгъуэщI IэнатIэхэри икIи, дапщэщи хуэдэу, цIыхухэми и щхьэми хуэпэжу щытащ. Апхуэдэ дуней тетыкIэ дахэ зиIа цIыхум и цIэр куэдрэ жылагъуэм щызокIуэ.

КЪАРДЭН Ритэ.

● Япэ IуэхущIапIэхэр



# И къалэнхэм полъэщ

**Нарткъалэ дэт консерв заводыр 1934 гъэм яутIыпщауэ щытащ. Лэжьэн щыщIидза япэ илъэсхэм щегъэжьауэ IуэхущIапIэм мыхьэнэшхуэ щиубыдащ посёлкэм, иужькIэ къалэм щыпсэухэм я гъащIэм.**

ЗАВОДЫМ и лэжьакIуэхэр дапщэщи хущIэкъуащ я пщэрылъ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэзэщIэным. Консерв заводым нэхъыбэу щелэжьырт нащэм, помидорым, баклажаным, къэбышкIийм, джэш цIынэм, нэгъуэщI хадэхэкIхэми. Абыхэм къыхащIыкI фIэIугъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэбгрыкIырт Совет Союзым и щIыпIэ куэдым.

Заводым и зэфIэкIхэм псом хуэмыдэу зиужьащ, ар акционер зэгухьэныгъэм хуэкIуа нэужь. Абы и лэжьыгъэр зэтриухуащ иджырей мардэщIэхэм, технологиещIэхэм хуэкIуэу. Зы илъэсым къриубыдэу предприятэм къыщIигъэкIыф хъуащ консерв зэрылъ банкI мелуан бжыгъэхэр.

Сыт хуэдэ лъэхъэни заводым щолажьэ гуащIэдэкI лэжьыгъэм и гугъуехьхэм къапимыкIуэт гуп зэрыIыгъ. КъыщызэIуахагъащIэм къищта а хьэлыр IуэхущIапIэм ноби къыдогъуэгурыкIуэ. АтIэми, гуп зэдэурщ сыт хуэдэ къалэнми, ар нэхъ ин дыдэу ирехъуи, пщIэрэ щIыхьрэ иIэу пэлъэщыфынур.

ТЕМЫР Дисанэ.


Іэщнокъуэ Іэмин

● Къежьапlэ

# Зэманым декIуу

**Нарткъалэ дэт химкомбинатыр (спирт заводыр) ди республикэм и промышленнэ IуэхущIапIэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ. Абы и лъабжьэр ягъэтIылъащ 1931 гъэм. Дохъушыкъуей химкомбинатыр а лъэхъэнэм ялъытэрт Совет Союзым и апхуэдэ IуэхущIапIэ нэхъ инхэм ящыщу. Илъэсым хуэзэу абы къыщIигъэкIырт спирт декалитр мелуанрэ ныкъуэм щIигъу.**

РЕСПУБЛИКЭМ и япэ промышленнэ IуэхущIапIэ иным и япэ унафэщIу щытар парт, совет лэжьакIуэшхуэ, коммунист пэж Іэщнокъуэ Іэмин Мусэ и къуэрщ. А лIы гуащIафIэм икIи гумызагъэм партым къыхуищIа дзыхь лъагэр нэсу игъэпэжащ. Заводыр щаухуэм, Іэщнокъуэм и жэрдэмкIэ лэжьыгъэм кърашэлIауэ щытащ къэралым, хамэ щIыпIэхэм щыщ ІэщIагъэлI куэд. Илъэс зыбжанэкIэ екIуэкIащ заводым и ухуэныгъэр. Комбинатым щекIуэкI лэжьыгъэ псори парт унафэ ткIийм щIэтти, ухуэныгъэр яухыху зэпагъэуакъым. Абы и Іэгъуэблагъэм щаухуэу щIадзащ псэупIэ унэхэр, щIакхъуэ гъэжьапIэхэр, шхапIэхэр, хьэмэмхэр, сымаджэщыр. Комбинатым зиужьыху, станцми зиубгъуащ: абы лэжьакIуэбэ къыдэхъуащ, унагъуэщIэхэр щытIысащ.

Зэманыр хьэлъэми, емынэ узыр етауэ щIыпIэм щытепщэми, зы мурадышхуэм, къэралпсо мыхьэнэ зиIэ а Iуэхушхуэм лэжьакIуэбэр зэкъуигъэуващ, гугъуехьхэми пэлъэщащ. 1938 гъэм и мэлыжьыхь мазэм комбинатыр лажьэу яутIыпщащ. Абы и Iуэхухэр апхуэдизу щIэхыу зэтеувати, япэ илъэс ныкъуэм и планыр и пIалъэр къэмысу игъэзэщIауэ щытащ. АбыкIэ фIыщIэшхуэ бгъэдэлът абы и унафэщI Іэщнокъуэ Іэмин. А лъэхъэнэм екIуэкIа политикэ залымыгъэр зылъэIэсахэм, иужькIэ хейуэ къалъытэжахэм ящыщащ Іэщнокъуэр. Хэкупсэ нэсым, лъэпкъ промышленностым и зэфIэувэныгъэм зи гуащIэ куэд езыхьэ-

● Медицинэ

# Псом нэхъри нэхъыщхьэр

**Дызытет дунейм и дахагъымрэ гъащIэм и IэфIагъымрэ цIыхум нэсу зыхищIэфынукъым, апхуэдэ гукъыдэж къезыт узыншагъэ имыIэмэ. Уасэ зимыIэ а хъугъуэфIыгъуэр хъумэным, зэтегъэувэжыным набдзэгубдзаплъэу щыхущытщ Нарткъалэ дэт медицинэ IуэхущIапIэхэм.**

КЪЭХЪУНРЭ Нарткъалэрэ я зэпылъыпIэм деж щыт Аруан куей сымаджэщыр къалъытэ республикэм и медицинэ IэнатIэ нэхъыфIхэм ящыщу. Медицинэм зегъэужьыным къэралым мыхьэнэшхуэ щрит мы лъэхъэнэм сымаджэщыр хуокIуэ узыншагъэр хъумэным епха технологиещIэхэм. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ сымаджэщым къыщызэIуахащ хирургие къудамэщIэр. Иджырей мардэхэм тету яухуа, сымаджэм папщIэ тыншыпIэ псори здэщыIэ а IэнатIэр ухуэным и нэIэ тригъэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен.

Сымаджэщым и дохутырхэм ящыщ куэдым къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхьыцIэ лъагэхэр. Абыхэм ящыщщ Лэжьыгъэм и Бэракъ Плъыжь орденыр зрата Хъуэст Мухьэмэд, «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща Чым Еленэ, «ГуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ» орденыр зиIэ Кмузовэ Аннэ, нэгъуэщIхэри. КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутырхэщ Демирян Аннэ, Къардэн Лидэ, Безрокъуэ Олег, Шыбзыхъуэ Любэ, Щоджэн Алексей, Шэнтыкъу Люсенэ сымэ. А нэхъыжьыфIхэм я щапхъэм тету нобэ мэлажьэ Балъкъыз Валерэ, Рубаев Артур, Хьэмгъуокъу Заур, сымаджэщым и медсестра нэхъыжь Понэж Нюрэ сымэ, нэгъуэщIхэри.


Аруан сымаджэщыр. *2001 гъэ*


Жамборэ Налжан

Сымаджэщым и Iуэхухэр иригъэфIакIуэу зэман кIыхькIэ абы и дохутыр нэхъыщхьэу щытащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ, бзылъхугъэ щыпкъэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр Жамборэ Налжан. Абы и унафэм щIэту, сымаджэщым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ иужьрей лъэхъэнэм. Абы ирихьэжьа Iуэху дахэхэм ноби щыпащэ IуэхущIапIэм, псом нэхърэ нэхъыщхьэр - цIыхум и узыншагъэр - яхъумэу.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Иджырей мардэхэм тету

**Нарткъалэ иджыблагъэ лэжьэн щыщIидзащ республикэм ис сымаджэ куэд зыщыгуфIыкIа Диализ центрым. Урысей Федерацэм цIыхухэм я узыншагъэр хъумэным епхауэ иригъэкIуэкI политикэм ипкъ иткIэ, а IэнатIэр егъэфIэкIуэным гулъытэшхуэ хуащI иужьрей зэманым. А политикэм цIыхухэм фIы куэд къахуихьынущ. Диа- лиз центр ин Нарткъалэ къызэрыщызэIуахари абы щыщщ.**

ИДЖЫРЕЙ мардэхэм тету ящIа Диализ центрым зи жьэжьейр тэмэму мылажьэ сымаджэ псоми Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэфынущ. КъБР-м и Правительствэмрэ «Кавказ Ищхъэрэ нефрологие центрымрэ» зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, ди республикэм и унафэщIхэм я мурадщ апхуэдэ центру иджыри тIу ди щIыналъэм къы- щызэIуахыну. Ахэр щаухуэнущ Бахъсэн, Налшык къалэхэм.

Диализ центрым щIэт Іэмэпсымэхэри, сымаджэхэм абы щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэри, къахуэкIуэхэм я тыншыгъуэри, ахэр къызэрырашэлIэнури дунейпсо мардэхэм тету къызэрагъэпэщащ. ІэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, зи жьэжьейр тэмэму мылажьэхэм я гъащIэм къыпызыщэ апхуэдэ центр екIу Кавказ Ищхъэрэм хыхьэ республикэхэм ящыщу зиIэр зэкIэ ди щIыналъэм и закъуэщ.

Иджыпсту центрыр сменищу мэлажьэ. Абы епха микроавтобус хэхахэм сымаджэхэр лъэпощхьэпоуншэу ирашалIэ. Диализ центрым и пэшхэр нэхущ, хуитщ, къабзэщ, телевизорхэр щIэтщ. Зы цIыхум и лъыр сыхьэти 4 - 4,5-кIэ ягъэкъабзэ, сымаджэхэр сыткIи зыхуей хуозэ, узыр ящызыгъэпсынщIэ дохутырхэри, къелIалIэ адрей медицинэ лэжьакIуэхэри яхуэгуапэщ абыхэм.

Центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Чыгъэду Арсен зэрыжиIамкIэ, Диализ центрым иджыпсту щоIэзэ цIыхуи 182-м. Япкърыт узыр къатемыхьэлъэу псэуфын щхьэкIэ, абыхэм я лъыр гъэкъэбзэн хуейщ тхьэмахуэм кърихубыдэу щэнейрэ. Апхуэдэ зы процедурэр ику иту и уасэщ сом мини 6-м щIигъу. Абы ирахьэлIэ хущхъуэхэр сымаджэхэм пщIэншэу яIэрохьэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымрэ курортхэмкIэ и министерствэм къыбгъэдэкIыу. Псэун папщIэ ар сымаджэм дежкIэ Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэу икIи игъащIэкIэ епхьэлIэн хуейуэ зэрыщытыр къэплъытэмэ, апхуэдэ къэрал дэIэпыкъуныгъэр уасэ зимыIэ мылъкущ.

**ТАМБИЙ Линэ.**


Диализ центрыр.

● Къалэм и IуэхущIапIэхэр

# АТП-р лъэ быдэкIэ мэувыж


Чехоев Сослан

**Илъэс хыщIрэ блырэ и пэкIэ, 1946 гъэм, Докшукинэ жылэ цIыкIум къыщызэIуахауэ щытащ автотранспорт IэнатIэ (АТП). БлэкIа илъэсхэм къриубыдэу IуэхущIапIэм зиужьащ, ехъулIэныгъэхэр щиIаи гугъуехьхэм щыхэтаи къыхуихуащ, ауэ Нарткъалэ АТП-м сыт хуэдэ лъэхъэни лъэкI къигъэнакъым къалэм, Аруан куейм, республикэм я зыужьыныгъэм и гуащIэ хьэлэл хилъхьэнымкIэ.**

ЛIЭЩIЫГЪУЭ блэкIам и 90 гъэхэм, къэралым и адрей IэнатIэхэми хуэдэу, Нарткъалэ АТП-ри щытыкIэ гугъум ихуащ. А лъэхъэнэ къызэрымыкIуэм IуэхущIапIэм и лъэр хуабжьу щIиудащ. Квалификацэ лъагэ зиIэ IэщIагъэлIхэр, лэжьакIуищэхэр иIэу, автопаркышхуэкIэ къулейуэ щытар щымыIэжыххэнми хуэкIуэ пэтащ абы щыгъуэ. Ди куей администрацэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Антемыркъан и фIыгъэкIэ мы зэманым IэнатIэм зыкъеIэтыж, ехъулIэныгъэхэр зыIэрыдгъэхьэу куейм, къалэм я гъащIэм жыджэру дыхэтщ. IуэхущIапIэр зэфIэувэжыным я гуащIэшхуэ ирахьэлIащ ар къызэрызэIуах лъандэрэ щылэжьауэ жыпIэ хъуну цIыху хэкупсэхэм. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, машинэзехуэхэу Мысхъуэжь Владимир, Иуан МуIэед, Гъащтэ Борис, Темыркъан Олег, Фомичёв Михаил, АТП-м и диспетчер къудамэм илъэс 40-м щIигъуауэ и пашэ Алъкъащ Владимир, диспетчер Мысхъуэжь Риммэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

АТП-м и автопаркым мы зэманым иIэщ автобусышхуэу блырэ микроавтобусу тIурэ. Ар мащIэщ, абы къыхэкIыу дэ лэжьыгъэм къетшэлIащ микроавтобусипщI. Абыхэм транспорт Iуэхутхьэбзэр хуащIэ куейм хыхьэ жылэхэм, ахэр Нарткъалэ пащIэу. IуэхущIапIэм иджыпсту щолажьэ цIыху 28-рэ.

Куейм, абы и къалащхьэм щыпсэу цIыхухэр жылагъуэ транспорткIэ къызэрызэдгъэпэщым къыдэкIуэу, дэ лэжьыгъэкIэ дапыщIащ республикэм и адрей щIыпIэхэми.

АТП-м хуэдэу IуэхущIапIэ лъэрызехьэу щытам и пщIэр пIыгъыну тыншкъым, ауэ ди лэжьыгъэм хъарзынэу дыпολъэщ, щIыпIэ унафэщIхэри щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу. Абыхэм я дэIэпыкъуныгъэм ди лъэр жан ещI, къытпэщылъ къалэнхэр зэфIэхыным нэхъ ерыщу яужь дохьэ. Ди лэжьакIуэхэм улахуэр и чэзу зэраIэрыдгъэхьэным гулъытэ хэха худощI. АбыкIэ иджыпсту щIыхуэ ттелъкъым. Апхуэдэу дадолажьэ налог IуэхущIапIэхэмрэ Пенсэ фондымрэ. АбыхэмкIи ди пщэрылъхэр зэрызэфIэтхыным дыхущIокъу.

Нарткъалэ и илъэси 100-м екIуу дызэрыIущIэным дыхущIэкъуащ АТП-м и лэжьакIуэ гупыр. Къалэ автовокзалым къедза утыр зэдгъэпэщыжащ, видеокамерэхэр фIэтлъхьащ. Езы АТП-м и унэри зыхуей хуэдгъэзэжащ.

IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм, къалащхьэм, Аруан куейм щыпсэу псоми сохъуэхъу махуэшхуэмкIэ. Апхуэдэ илъэсищэ куэд къыугъащIэ, Нартхэм я къалэ дахэ!

**ЧЕХОЕВ Сослан,**
*Нарткъалэ АТП-м и унафэщI.*

# ЕхъулIэныгъэм и нэщэнэ

● Махуэшхуэ репортаж

**Куей къалащхьэр зыгъэдахэ ухуэныгъэхэм ящыщщ Урысейм и хъумапIэ банкым и къудамэу Нарткъалэ дэтыр. Махуэшхуэм зыхуищI щIыкIэу, абы «зыкърихащ». IуэхущIапIэм и унэр зыхуей зэрыхуагъэзэжрэ куэд щIакъым. Къалэдэсхэм ящIэж ар къыщызэIуахыжым Iуэхум иращIэкIауэ щыта дауэдапщэр.**

ЛЪЭПКЪ къафэхэм я макъамэ дахэхэр щыIурт банкым и гупэ ут цIыкIум. Абы щIихурыхукIыу дэджэрэзырт «Нартхасэ» къэфакIуэ ансамблым хэт пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ. IуэхущIапIэм и щIыхьэпIэр удз гъэгъа щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ шар гъэпща зэмыфIэгъухэмкIэ дахэу гъэщIэрэщIат. А псом къахэщырт... Мыщэ хужьышхуэм и сурэтыр. ГуфIэгъуэ макъамэхэмрэ апхуэдэ теплъэ гуакIуэмрэ блэкIри къыблэкIыжри «зыщIишэрт», малъхъэдисым хуэдэу, я гукъыдэжри къиIэтырт. Махуэшхуэм кърихьэлIат Аруан куейм, къалэм я унафэщIхэр, Урысейм и хъумапIэ банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и унафэщI Урысбий Хьэмидбий, банк лэжьакIуэхэр.

ГуфIэгъуэ зэIущIэр къызэIуаха нэужь, абы къыщыпсэлъащ щIыпIэ унафэщIхэри, хьэщIэ лъапIэхэри, банк лэжьакIуэхэри. Абыхэм жаIахэм нэхъыщхьэу хэлъыр зыт: IуэхущIапIэр зэIухауэ хуэлэжьэн хуейщ куейм, къалэм я экономикэм зиужьыным, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, гъащIэм адэкIи зегъэузэщIыным.

ЛентI плъыжьыр зэпаупщIри, хьэщIэхэри хэгъэрейхэри щIыхьащ банкым и IуэхущIапIэм и унэ зэрагъэпэщыжам. Апхуэдэ адрей IэнатIэхэми хуэдэу, мыбыи Iэмал псори къыщызэрагъэпэщащ IэщIагъэлIхэр цIыхум хуиту, лъэпощхьэпоуншэу дэлэжьэфын папщIэ.

ИпэкIэ зи гугъу тщIа Мыщэ хужьымрэ ХъумапIэ банкымрэ я Iуэху зэрызэпхам дыщыщIэупщIэм, хъыбарыщIэ гъэщIэгъуэн къэтщIащ. А псэущхьэмкIэ, Сочэ къалэм 2014 гъэм щекIуэкIыну Олимп Джэгухэм и дамыгъэхэм ящыщ зыуэ щытымкIэ, къэгъэлъэгъуа мэхъу «Урысейм и хъумапIэ банк» ОАО-р дунейпсо зэхьэзэхуэр мылъкукIэ дэзыIыгъхэм зэращыщыр. Мыщэ хужьым, уардэм икIи къарууфIэм, хуэдэу лъэщ ирехъу ХъумапIэ банкым щIыпIэм щиIэ къудамэр.

**НАРТОКЪУЭ Синэ.**

# Жыджэру йолэжь


Гъубжокъуэ МуIэед

**Зи илъэсищэр зыгъэлъапIэ Нарткъалэ дэсхэр щогуфIыкI я псэукIэр егъэфIэкIуэным, цIыхур зыхуей хуэгъэзэным, къыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным район, къалэ унафэщIхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIым. Апхуэдэу зэхъуэкIыныгъэфIхэр егъуэт пощт Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм щыхуащIэ щIыпIэ IуэхущIапIэми.**

ПОЩТЫМ и унэ нэхъыщхьэм ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI. Абы бжэщIэхэр, щхьэгъубжэхэр халъхьащ, и блынхэр екIуу кърашIыкIащ. Апхуэдэу къагъэщIэрэщIащ IуэхущIапIэм и кIуэцIри. Абы лъэгущIэхэр ирадзащ, и пэшхэр зыгъэнэху лампIхэри псы хуабэ зрикIуэ бжьамийхэри иджырей жыпкъэхэм тету зэрахъуэкIащ.

IуэхущIапIэм и унафэщI Гъубжокъуэ МуIэед къызэрыджиIамкIэ, ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, IэщIагъэлIхэр Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэми хуокIуэ. Связым и щIыпIэ къудамэм нэмыщI, унэм щолажьэ пощт хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр щащэ плIанэпэ, газетхэм, журналхэм Iэ щытрадзэ къудамэ, нэгъуэщIхэри. Къинэмыщlауэ, пощт лэжьакIуэхэм зыщагъэпсэху пэш щхьэхуэхэри хэтщ.

Пощтым и унэ екIум, шэч хэмылъу, нэхъри егъэдахэ илъэси 100 зи ныбжь Нарткъалэ уардэм и теплъэр.

**ТАМБИЙ Линэ.**

● Ябэ IуэхущIапIэхэр

# Гъавэ хъумапIэ

**Докшукинэ станцым пэгъунэгъуу 1920 гъэм ящIауэ щыта гъавэ хъумапIэм зиубгъуурт, и зэфIэкIым хэхъуэрт махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу. Абы къыхэкIыу СССР-м и цIыхубэ комиссар Микоян Анастасийрэ КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретарь Къалмыкъ БетIалрэ унафэ ящIат а щIыпIэм элеватор щаухуэну. 1929 гъэм а IуэхущIапIэр яутIыпщауэ щытащ.**

НАРТКЪАЛЭ элеваторым и зэфIэувэныгъэм и гуащIэшхуэ хилъхьащ абы и япэ унафэщIу щыта революционер хахуэ, коммунист хъыжьэ Гъурф Жыраслъэн Дзау и къуэм. ИужькIэ абы и цIэр фIащащ къалэм и уэрамхэм ящыщ зым.

Хэку зауэшхуэм и зэманым бийр хунэсакъым элеваторыр зэхикъутэну. ЗэрыжаIэжымкIэ, лагъымым екIуалIэ кIапсэхэр зыгуэрым зэпиупщIауэ щытащ.

КъыкIэлъыкIуэ лъэхъэнэм IуэхущIапIэм зыужьыныгъэфI игъуэтащ. Хьэлэлу абы щылэжьащ илъэс 25-кIэ и унафэщIу щыта Кабалоев ДжэбрэIил, Хужьокъуэ Мурадин, Тихов Иван, и лэжьыгъэфIым папщIэ «ЩIыхьым и дамыгъэ» орденыр зрата Къейсын Константин, жэрдэмышхуэ хэлъу зи IэнатIэр езыхьэкIахэу ХьэкIашэ Юрэ, Темрокъуэ Iэниуар сымэ, нэгъуэщIхэри.

Къэрал экономикэр зыужьыныгъэм и мардэщIэхэм зэрытехьэрэ, IуэхущIапIэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр щекIуэкIащ, къыпэщылъ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэфIэхыным, лэжьакIуэ гупыр хъумэным епхауэ.

**КЪАРДЭН Алим.**

**Илъэс 20-м нэсауэ Нарткъалэ дэтщ «Унагъуэмрэ сабийхэмрэ социальнэу ядэIэпыкъунымкIэ республикэ центр» IуэхущIапIэр. Центрыр 1995 гъэм къызэIуахауэ щытащ а лъэхъэнэм Аруан куейм и Iэтащхьэу щыта Бозий Натбий, цIыхухэм социальнэу ядэIэпыкъунымкIэ район управленэм и унафэщI Бекъалды Розэ, министр Зумакулов Борис сымэ я жэрдэмкIэ. Мы зэманым центрыр щIэтщ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм.**

● Iуэху зехьэкIэ пэрыт

# Унагъуэр быдэмэ, къэралыр лъэщщ

РАЙОНМИ республикэми щыяпэ а центрым и лэжьыгъэр зэтриублэну дзыхь хуащIащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм фIыщIэ куэд къыщызыхьа унафэщI IэкIуэлъакIуэ КIуащ Светланэ Нажмудин и пхъум. А цIыху щыпкъэр и пашэу, IуэхущIапIэм лэжьыгъэ куэд зэфIигъэкIащ, и пщэрылъ къалэнхэм пэлъэщу, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм, сабийхэм защIэгъэкъуэныр игъэнэхъапэу. КIуащым зэрыжиIэмкIэ, центрым и лэжьакIуэ псори къыхащыпыкIам хуэдэу, зэхэщIыкI лъагэ зиIэхэщ, дэтхэнэ цIыхуми хуэнабдзэгубдзаплъэщ, хуэгуапэщ. Апхуэдэхэщ Мысрокъуэ Светланэ, Мер Риммэ, Балъкъыз Оксанэ, ГъуэплъащIэ Июлэ, Суйдым Маринэ, Iустырхъан ФатIимэ, Шэшэн Люся, Щхьэгъэпсо Кларэ, Къарэ Марие сымэ.

Социальнэ унэтIыныгъэм зегъэужьынымкIэ федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм 2000 гъэм къыхилъхьауэ щыта къэралпсо зэпеуэм жыджэру хэтащ центрыр. Зэхьэзэхуэм и утыкум IуэхущIапIэм ирихьа «Унагъуэ» проектыр ягъэлъэ-


КIуащ Светланэ

гъуа апхуэдэ программэ нэхъыфIхэм халъытауэ щытащ икIи зэпеуэм и лауреат хъуащ. Нэхъ иужьыIуэкIэ центрыр ягъэуващ УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къэхутэныгъэхэр щригъэкIуэкI IуэхущIапIэу.

КъызэрызэIуах лъандэрэ IэнатIэм и IэщIагъэлIхэр ядэлэжьащ унагъуэ 6860-м щыщ цIыху 23494-м, дэтхэнэми хуэфэщэн гулъытэ хуищIу. КIуащым зэтриубла Iуэху зехьэкIэ пэрытыр ипэкIэ егъэкIуатэ, нэхъри зрегъэужь мы зэманым центрым и унафэщI Темрокъуэ Оксанэ. Япэми хуэдэу, IуэхущIапIэр йолэжь унагъуэм и пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыным, щытыкIэ гугъум ихуа сабийхэм, абыхэм я адэ-анэхэм зэщIагъэкъуэным.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● ЕхъулIэныгъэ

# «Дыщэ пальмэр» хуагъэфащэ

**1933 гъэм Докшукинэ станцым дащIыхьауэ щытащ варенэ щагъавэ завод. Илъэси 6 дэкIри, ар шагъыр къыщыщIагъэкI завод ящIащ. Апхуэдэ Iуэхущlапlэр республикэм щыяпэт.**

ЛЭЖЬЭН щыщIидза дыдэм щыгъуэ зэфIэкIышхуэ бгъэдэмылъами, 40 гъэхэм абы къыщыщIагъэкIыу хуежьащ продукцэшхуэ, республикэми Аруан куейми фейдэшхуэ къахуихьу.

1963 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 30-м щIигъукIэ шагъыр заводым и унафэщIу щытащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ, цIыху щыпкъэу дунейм тета Ерчэн Алий Хьэжмырзэ и къуэр. Ар ящыщащ цIыхухэм я псэукIэм епха Iуэхухэр зэфIэхыныр япэ изыгъэщ унафэщIхэм. Зы илъэси къэнакъым абы, Iуэхущlапlэм и зыужьыныгъэм къыдэкIуэу, псэупIэ унэхэр, нэгъуэщI социальнэ IэнатIэхэр и лэжьакIуэхэм яхуэухуэным гулъытэ хэха хуимыщIу. Ерчэным и нэIэм щыщIэта илъэсхэр шагъыр заводым и тхыдэм фIыкIэ къыхощ.

Абы къыщIигъэкI продукцэм фIагъышхуэ иIэу къалъытэрти, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм я утыкухэм щагъэлъагъуэрт. 1996 гъэм Ниццэ къалэм щекIуэкIа Дунейпсо еплъыныгъэм Нарткъалэ дэт шагъыр заводым и продукцэр нэхъыфIхэм халъытащ икIи зэпеуэм и «Дыщэ пальмэр» къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэу Iуэхущlапlэм къыщIигъэкIхэр «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIи 100» зэхьэзэхуэм гулъытэ хэха зыщыхуащIахэми ящыщщ.

**НЭУРЖАН Замир.**




Ерчэн Алий

# ЩIыпIэм и «Гъуазэ»

**Илъэс 74-рэ хъуауэ Нарткъалэ къыщыдокI «Маяк» район газетыр. Зэман зэмылIэужьыгъуэхэм абы и цIэр ихъуэжами, щIыпIэм и гъуазэу нобэр къыздэсым йокIуэкI.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ мыр. 1939 гъэм «Большевик» цIэр иIэу дунейм къытехьэри, Хэку зауэшхуэм ипэ, и лъэхъэнэ, иужь зэманхэм дэпсыхьащ икIи жылагъуэм и гъащIэр зэрекIуэкIыр газет напэкIуэцIхэм IупщIу къыщигъэлъэгъуащ. АдэкIэ, 1954 гъэм, «Коммунист» цIэр фIащащ икIи гъащIэщIэр ухуэным цIыхубэр тригъэгушхуэу властым и щIэгъэкъуэн нэс хъуащ. Коммунизмэр хъуэпсапIэ къудейуэ зэрыщытыр къагурыIуэжами хэт ищIэн, ауэ илъэсипщI дэкIри, ар «Маяк»-кIэ яхъуэжащ икIи нобэр къыздэсым ар зэрехьэ.

Мы газетыр сыт щыгъуи республикэм къищынэмыщIауэ, къэрал псом щынэхъыфIхэм ящыщ зыуэ къокIуэкI. 80 гъэхэм и пэщIэдзэм ар союзпсо зэхьэзэхуэм и лауреат хъуауэ щытащ.

Газетыр цIыхубэм фIыуэ къезыгъэлъэгъуар, дауи, и лэжьакIуэ емызэшыжхэрщ. Абы и япэ редактору щыта Агъузар Мурадини, иужькIэ а къулыкъу лъагэр зезыхьахэу Егъуэжь Хьэсэнбий, КIуащ Iэюб, Жыласэ Жыраслъэн, Апажэ Назир, ТIымыщ Тимур, Гъубжокъуэ МуIэед, Джэдгъэф Борис, КIасэ Валерэ, Гъуэплъащlэ Заудин сымэ я зэфIэкI, къару псори ирахьэлIащ псалъэ пэжыр, гупсысэ тэмэмыр щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ зэрыралъхьэным. А Iуэхугъуэшхуэмкlэ зэфIэкI ин къагъэлъэгъуащ журналист гъуэзэджэхэу Мэрем Задин, Къызэрыс Борис, Сокъур Риммэ, Голуб Светланэ, ПщыхуэфI Хьэсэнбий, Шэрджэс Альберт, Хъанычэ Зумадин, Хужьокъуэ Александр, Дудей Леонид, Шыбзыхъуэ Иннэ, Сэхъурокъуэ Асир сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм сыт щыгъуи я щIэгъэкъуэн нэсщ илъэс куэд хъуауэ редакцэм щылажьэхэу секретарь Арахъэ Люсэрэ бухгалтер нэхъыжь Къунаш Светэрэ. Сэри хуабжьу сфIэIэфIу икIи си гуапэу сигу къызогъэкIыж 80 - 90 гъэхэм абы и къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь и секретару сызэрыщыIар. А лъэхъэнэм тхузэфIэкIащ ар адыгэбзэкIи «къэдгъэпсэлъэжыну». Къэбэрдей-Балъкъэрым зыкъом щIауэ IэщIыб щащIыжауэ 1989 гъэм мазаем и 18-м япэ дыдэу дунейм къытедгъэхьэжащ анэдэлъхубзэмкIэ район газетым и напэкIуэцI. «Гъуазэ» зыфIэтща а къыдэкIыгъуэхэр адрейхэм щапхъэ яхуэхъуащ икIи нобэ уи нэгу къыщIэгъэхьэгъуейщ ди республикэм и щIыпIэ газетхэм анэдэлъхубзэмкIэ напэкIуэцIхэр имыIэу.

Иджыпстуи къару лъэщу къонэ «Маяк»-р. КIасэ Валерэ зи унафэщI абы и гуп зэкъуэтыр гъащIэм и курыкупсэм хэтщ, щIэджыкIакIуэхэр фIым хуаущийрэ Iуэхугъуэфlхэм хузэщIэгъэуIуэу.


КIасэ Валерэ

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч,**
*КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист.*

● ГукъэкIыжхэр

# Я лъэкI зыри къагъанэркъым

**Нарткъалэ и ныбжьыр илъэсищэ щрикъум тэмэму IущIэн мурадкIэ щIыпIэм лэжьыгъэ щхьэпэ куэд щрагъэкIуэкIащ ар зэIузэпэщ, нэхъ къабзэ, нэхъ дахэ хъуным ехьэлIауэ. Федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткIэ, къат куэду зэтет псэупIэ унэ зыбжанэ зыхуей псомкIи къызэгъэпэщауэ дэгъуэу ремонт ящIащ иужьрей илъэсхэм, къалэм и теплъэр нэхъри екIу ящIу.**

НАРТКЪАЛЭ езыр сытым щыгъуи къабзэу, щхъуантIагъэр и бэрэ удихьэхыу апхуэдэщ, ар зи фIыщIэри езы къалэдэсхэрщ, абы и зэIузэпэщыгъэм хьэлэлу дапщэщи хуэлажьэ цIыхухэрщ. Апхуэдэхэм ятеухуащ си тхыгъэ кIэщIыр.

Сэ си IэщIагъэкIэ сыинженерухуакIуэщ. Къат куэду зэтет псэупIэ унэхэр зыхуей хуэзэу зехьэныр зи къалэнхэм ящыщ IэнатIэм (ЖЭК) илъэс 26-кIэ сыщылэжьащ. А илъэсхэм къриубыдэу къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэр згъэзэщIащ: мастер, инженер нэхъыщхьэ, унафэщI.

ИщхьэмкIэ зи гугъу тщIа къалэнхэр Нарткъалэ дэту щыта управленитIым ягъэзащIэу щытащ. 1973 гъэм ахэр зэгуагъэхьэжри, ЖЭК-р абы къытепщIыкIащ. Абы лъандэрэ илъэс 40 дэкIащ. А зэманым къриубыдэу ЖЭК-м и унафэщIу лэжьахэщ Бабыгуей Джэфар, Пхъэшх Кушбий, Жамборэ Суфян, Жыласэ Мухьэмэд, Бэч Iэниуар, Балъкъыз Владимир, Къуэдзокъуэ Хьэту, Мамыхъу Аслъэн, нэгъуэщIхэри.

ЖЭК-р къыщызэрагъэпэща лъэхъэнэм тепщIыхьмэ, псэупIэ фондыр метр зэбгъузэнатIэу мин 76-рэ, фэтэрхэр 2370-рэ, псэупIэ унэхэм я бжыгъэр 102-рэ хъурт. А бжыгъэхэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр ягъуэтащ блэкIа илъэсхэм. Иджыпсту Нарткъалэ и псэупIэ фондыр метр зэбгъузэнатIэ мин 221-рэ, фэтэрхэр - 5463-рэ, псэупIэ унэхэр 148-рэ мэхъу.

АтIэ, илъэс блэкIахэм дауэ гъэзэщIа хъурэт ЖЭК-м къыпэщылъ къалэнхэр?

1993 гъэм нэсыху, тIэкIу нэхъ кIащхъэ щыхъу къыхэхуами, псэупIэ унэхэр я ныбжьым (щаухуа илъэсым) елъытауэ зэдгъэпэщыжыфырт, а лэжьыгъэр къэралым и мылъкукIэ зэфIэкIырт. Зыхуей хуэгъэзэжын хуей унэхэр зы илъэс ипэкIэ белджылы щIауэ щытын хуейт. Iуэхум ехьэлIа проект-сметэ дэфтэрхэр Налшык щедгъэщIырт, абыхэм япкъ иткIэ къалэ исполкомым и унафэкIэ титул тхылъым иратхэрти, ткIийуэ, абы и мардэм тету лэжьыгъэхэр екIуэкIырт.

ЗэгурыIуэныгъэкIэ а лэжьыгъэхэр РСУ №3-м игъэзащIэрт. Нэхъ лэжьыгъэ цIыкIуфэкIухэр ЖЭК-м и къарукIэ зэфIэкIырт. Ахэр къызэрагъэпэщу а лъэхъэнэм IуэхущIапIэм щылэжьахэщ зи IэщIагъэм фIы дыдэу хэзыщIыкIхэу, дагъуэншэу зи къалэнхэр зыгъэзащIэхэу, гъущI зыгъавэхэу Елей Беслъэн, Уэзрокъуэ Музэрин, Арахъэ Хьэсэн, слесархэу Жэмгъураз Роберт, Танокъуэ Заур, Безыр Феликс, ФIыцIэ Мухьэмэд, шоферхэу Темрокъуэ Борис, КъардэнгъущI Заур, Сомгъур Алёшэ, пхъащIэхэу Асчэр Медал, Дэхъу Мухьэмэд, ЕкIэщIауэ Алик. Я пщэрылъхэм хъарзынэу пэлъэщхэрт бухгалтерхэу Джэдгъэф Ритэ, Гъубжокъуэ Лимозэ, бухгалтер нэхъыщхьэхэу Жэмгъураз Феодося, Ахъей Анжелэ, юрист Блий Оксанэ, техникхэу Хьэмыкъуэ Артур, Тхьэгъэлэдж Мухьэмэд, Тогузло Арсен сымэ.

Ди лэжьыгъэр нэхъ едгъэфIэкIуэн щхьэкIэ дэ дыкIуэрт Налшык, Прохладнэ къалэхэм нэхъ щыпажэ ЖЭК-хэм, Iуэху зехьэкIэм хэлъ щэхухэмкIэ дызэдэгуашэрт, езыхэри ди деж къакIуэхэрти ди зэфIэкIхэм зыщагъэгъуазэрт.


Бэч Iэниуар

Нарткъалэ ЖЭК-р сытым щыгъуи фIыкIэ зи цIэ кърaIуэхэм яхэтащ. Лэжьыгъэм нэмыщI, къэхъурт ди зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм щIыпIэ колхозхэм, совхозхэм дащыдэIэпыкъуи. ЛэжьэкIэфI зиIэ гуп зэрыIыгъым апхуэдэуи зэгъусэу зыщыдгъэпсэхурт къалэ гъунэгъухэм, тенджыз ФIыцIэми зэуIуу дыкIуэфу щытащ.

Нарткъалэ дэт псэупIэ унэхэр яухуащ ухуакIуэ гупхэу СУ-7, СУ-13, ПМК-798, МКСУ-1-хэм. ПсэупIэ унэхэр егъэщIыным зи мылъку нэхъыбэ хэзылъхьахэм ящыщщ химкомбинатыр, консерв щащI заводыр, джэд фабрикэр, нэгъуэщIхэри.

Сыт хуэдэ IуэхукIэ захуэдмыгъэзами, дэIэпыкъуэгъу, чэнджэщэгъу къытхуэхъуу къыддэлэжьащ къалэ исполкомым и унафэщIу щытахэу Жамборэ Суфян Шу и къуэр, Щоджэн Мухьэмэд Май и къуэр, Таймасханов Адильбек Исмэхьил и къуэр, Уэркъуасэ Анатолэ Iэдэм и къуэр, Хьэмгъуокъу Леонид Башир и къуэр. Мыбдежым къыхэзгъэщыну сыхуейт мы Iуэхугъуэр. Жамборэ Суфян къалэ исполкомым и унафэщI къалэныр зэрызэрихьа илъэс 14-м къриубыдэу ди Нарткъалэ зыужьыныгъэфI игъуэтауэ щытащ лъэныкъуэ куэдкIэ. Абы и щыхьэтщ зэпыу имыIэу а илъэсхэм къалэм къыхуагъэфащэу щыта Бэракъ Плъыжь зэIэпахыр. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ лъагэм хэлъащ ди ЖЭК-м и гуащIи.

Апхуэдэу гудзакъэ яIэу, хьэлэлу я къулыкъухэр а лъэхъэнэм ирахьэкIащ КПСС-м и райкомым и пашэу куэдрэ лэжьахэу Ахъмэт Мусэбий ХьэпIытIэ и къуэм, КIуэкIуэ Валерэ Мухьэмэд и къуэм, Къандэхъу Мухьэрбий ХьэметIэ и къуэм, Жэмбей Хъусен Жантемыр и къуэм, Жаным Руслан Мухьэмэд и къуэм. Район администрацэм и унафэщI IэкIуэлъакIуэу щытащ Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр, Бозий Натбий Мухьэмэд и къуэр, Ерчэн Тембулэт Хъусен и къуэр, Балъкъыз Замир ХьэкIашэ и къуэр. Абыхэм я Iуэху зехьэкIэ мардэхэр щапхъэфIт я нэIэ щIэту лажьэ дэтхэнэ IэщIагъэлIми и дежкIэ.

Зэман гуэркIэ сызипашэу щыта къалэ ЖЭК-м мы зэманым къытепщIыкIащ управляющэ компаниеу 5. Абыхэм ялъэкI къагъанэркъым къалэдэсхэм я псэукIэр, Нарткъалэ и теплъэр егъэфIэкIуэнымкIэ.

**БЭЧ Iэниуар.**

# Жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ IэнатIэ

● Егъэджэныгъэ



Жэмыхъуэ Сражудин

**<u>Дызэрыт лъэхъэнэр зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ къулейуэ ялъытэ. Ахэр ялъэмыIэсу къанэркъым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэхэм. КъытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэфI хэлъхьэным хуэгъэпса Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэр даIыгъ егъэджакIуэхэм, сыту жыпIэмэ ахэр я лэжьыгъэмкIэ жэуаплыныгъэшхуэ зэрахьыр дапщэщи зыхэзыщIэ, щIэм и лъыхъуакIуэ, творческэ зэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ цIыхухэщи.</u>**

НАРТКЪАЛЭ дэт курыт школи 6-м, сабий гъэсапIэхэм я IэщIагъэлIхэр, куейм и адрей апхуэдэ IуэхущIапIэхэми хуэдэу, гъащIэм жыджэру хэт, зыпэрыт IэнатIэм къыхыхьэ еплъыкIэщIэхэр я лэжьыгъэм хэзылъхьэ цIыху пэрытхэщ. Абыхэм яхэтщ къэралым, республикэм къабгъэдэкI гулъытэ лъагэ зыгъуэтахэр.

Курыт школ №1-м мы гъэм егъэлъапIэ илъэс 75-рэ зэрырикъур. 1989 гъэ лъандэрэ школым кууэ щрагъэдж инджылызыбзэр. Лицейуэ ялъытэ еджапIэм зэманым декIуу зеужь. Абы къыщызэIуахащ IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэгъэгъуэтыным ныбжьыщIэхэр щыхуагъэхьэзыр классхэр. БлэкIа илъэси 3-м къриубыдэу еджапIэм и гъэсэн 400-м щIигъу Урысейпсо олимпиадэм и щIыналъэ, республикэ, щIыпIэ Iыхьэхэм щытекIуащ. НыбжьыщIэ 33-м я зэфIэкIхэр щагъэлъэгъуащ урысейпсо утыкум, текIуэныгъэхэр къахьу. Апхуэдиз лэжьыгъэфIыр зэфIэха мэхъу еджапIэм и пашэ Иуан Еленэ Михаил и пхъум и нэIэм щIэту. Лицейр ирогушхуэ абы щылэжьа егъэджакIуэ нэхъыжьхэу Аргъэщокъуэ Кулижан, Вдовинэ Галинэ, Гъубжокъуэ Еленэ, Жэмыхъуэ Борис, Къанщыкъуей Риммэ, Нещадимовэ Верэ сымэ, нэгъуэщIхэми. Иропагэ нэхъыжьхэм я щапхъэм тету иджырей щIэблэр езыгъаджэ Митраковэ Людмилэ, Ахъей Агнессэ, Къэжэр Рустам, нэгъуэщIхэми. Абы щеджахэщ республикэм щыцIэрыIуэхэу Бозий Натбий, Шондыр Олег, Къанокъуэ Арсен, Ерчэнхэ Темболэтрэ Жамболэтрэ, Сокъур Ольгэ сымэ.

1953 гъэм лэжьэн щIидзауэ щытащ Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м. НыбжьыщIэ минхэр гъащIэ гъуэгу захуэм трагъэуващ абы лъандэрэ школым и егъэджакIуэхэм. ЕджапIэм и унафэщI Iэзэу щытахэщ Сэралъп Джарихъан Хьэжбэчыр и къуэр, Шыд Хьэзрит Къасбот и къуэр, нэгъуэщIхэри. Иджыпсту школым и унафэщIщ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ Шыбзыхъуэ Иннэ Хьэсэн и пхъур. ЕджапIэм екIуалIэ ныбжьыщIэ 1200-м щIигъум щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ират егъэджакIуэ 90-м фIэкIым, ар ипэкIэ къэзыуха цIыху цIэрыIуэхэу Чым Рашад, Мер Владимир, Бозий Руслан, Тэрчокъуэ Эльмирэ, Теувэ Аслъэн сымэ щапхъэу хуагъэлъагъуэу.



Лицей №1-м и теплъэрщ.

Нарткъалэ дэт курыт школ №3-м илъэс 60-м щIигъуауэ жыджэру щызэфIах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэ купщIафIэ. 2013 гъэм Аруан куейм щата ЕГЭ-м къызэригъэлъэгъуамкIэ, школым и гъэсэнхэм щIэныгъэ куу ябгъэдэлъщ: абы куейм 2-нэ увыпIэр къыщихьащ. Апхуэдэу школым и еджакIуэ куэд щытокIуэ зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм. ЩIэныгъэфI ныбжьыщIэхэм бгъэдалъхьэ егъэджакIуэ Iэзэхэу Щоджэн Шэмхъаней, Къардэн Женя, Сэбанокъуэ Аллэ, Таз Мадинэ, Токарь Нинэ, Шыпш Марие, Щоджэн Таисие сымэ. Абыхэм я щапхъэм ирокIуэ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэу Нэгъуей Светланэ, Цирульниковэ Ринэ. Илъэс куэд лъандэрэ школым и унафэщIщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм фIыщIэ куэд къыщызыхьа Езий Юрэ Абдул и къуэр.

Курыт школ №4-м 1947 гъэм лэжьэн щыщIидзауэ щытащ Нарткъалэ дащIыхьа консерв заводым и Iэшэлъашэхэм щыIэ псэупIэ унэхэм ящыщ зым. А илъэсым и фокIадэм школым екIуэлIат сабии 100-м щIигъу. Ахэр ирагъаджэрт цIыхуи 5-м. Абы лъандэрэ блэкIа зэманым школым зэхъуэкIыныгъэ инхэр игъуэтащ. Нобэ абы иIэщ класс Iэхуитлъэхуитхэр, зыхуей псомкIи къызэгъэпэща компьютер пэшхэр, лабораторэхэр, актовэ залышхуэр, спорт пэш иныр. Иджырей мардэм тету лажьэ еджапIэ ар хъуным я зэфIэкIышхуэ ирахьэлIащ Иуан Марьянэ, Кукушкинэ Лидэ, Сэралъп Джарихъан, Жэмыхъуэ Борис, Хужьокъуэ Зерэ сымэ. Абыхэм я лъэужь иуващ Джаурджий Галинэ, НэкIус ФатIимэ, Гуэбэшы Людмилэ, БитIэ ФатIимэ, Мамыхъу Беслъэн, Маскаевэ Еленэ, Акуловэ Маргаритэ сымэ. ЕгъэджакIуэ гуп узыншэм я пашэщ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ ЛIыжьыкъуэ Ритэ Къасболэт и пхъур.

1974 гъэм фокIадэм и 1-м ЩIэныгъэхэм я махуэм ирихьэлIэу Нарткъалэ къыщызэIуахауэ щытащ курыт школ №5-р. ЕджапIэ дахэм и щIыхьэпIэм деж иращIа лентI плъыжьыр зэпиупщIыну хуагъэфэщат Аруан районым и япэ секретарь Ахъмэт Мусэбий ХьэпIытIэ и къуэм. Партым и жэрдэмкIэ школым ягъэкIуауэ щытащ щIыпIэм и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэр. Абыхэм я пашэт школым и япэ унафэщIу щыта, зи лэжьыгъэфIым папщIэ Лениным, Бэракъ Плъыжьым, Суворовым я орденхэр, нэгъуэщI дамыгъэхэр зыхуагъэфэща Тоболь Владимир Николай и къуэр. Абы иужькIэ еджапIэм и унафэщIащ цIыху зэчиифIэ Щоджэн Риммэ Хьэсэн и пхъур. Илъэс 20-кIэ еджапIэм и пашэу лэжьащ «ЦIыхубэ егъэджэныгъэм и отличник» цIэ лъагэр зыхуагъэфэща Щоджэн Хьэутий Залым и къуэр. Абыхэм ирахьэжьа лэжьэкIэфIыр иджырей мардэм иригъэувэу ирегъэфIакIуэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт ШэрыIужь Маргаритэ ХьэзрэIил и пхъум. Школым щеджэ сабийхэм щIэныгъэфI етынымкIэ ялъэкI къагъэнакъым лэжьыгъэм и ветеранхэу Третьяк Галинэ, Мэкъуауэ Раисэ, Къалмыкъ Тамарэ, Горбачёвэ Людмилэ, Ивакинэ Татьянэ сымэ. Ахэр я щапхъэщ «2013 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» куей зэпеуэм щытекIуа Луговая Аннэ, Елей Людмилэ, Тэрчокъуэ Жамболэт, Мыд Абрэдж-Заур, нэгъуэщIхэми. ЕджапIэр ирогушхуэ цIэрыIуэ хъуа и гъэсэнхэу Къанокъуэ Антемыркъан, Атэбий Игорь, Сапрыкинэ Галинэ, ХьэцIыкIухэ Маритэрэ ФатIимэрэ, Теунэ Джэмал сымэ, нэгъуэщIхэми. Абыхэм яхуэфэщэнщ школым и иджырей щIэблэри.



Курыт школ №6-р.

Курыт школ №6-р Нарткъалэ и еджапIэхэм ящыщу и ныбжькIэ «нэхъыщIэми», ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьэу мэлажьэ. Иджырей мардэхэм хуэкIуэу ар яухуауэ щытащ 1989 гъэм. ЕджапIэм и унафэщIщ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм и щэху куэдым щыгъуазэ Иуаз Ритэ Хьэчим и пхъур. Абы и нэIэм щIэт гуп узыншэм къытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ куу етынымкIэ лэжьыгъэфI зэфIах. Апхуэдэхэщ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Алборэ Валентинэ, Тхьэгъэлэдж ФатIимэ, Къамбэчокъуэ ФатIимэ, КъалакIуэ Аллэ, Темрокъуэ Хьэлимэт, Хьэждэгу Антисэ, нэгъуэщIхэри. Школым кууэ щрагъэдж математикэр, инджылызыбзэр, информатикэр. Абы и методикэ зэгухьэныгъэхэм щаубзыху егъэджэныгъэр иджырей лэжьэкIэщIэхэм тету къызэгъэпэщыныр. ЕджапIэм щIэх-щIэхыурэ щокIуэкI зэхыхьэ купщIафIэхэр, ныбжьыщIэ конференцэхэр.

Сыт хуэдэ лъэхъэнэми жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэ егъэджэныгъэ IэнатIэм и лэжьыгъэр Аруан куейм, абы и къалащхьэм щызэрегъакIуэ Жэмыхъуэ Сражудин Нэсэбий и къуэм. Жыджэрагъышхуэ зыхэлъ унафэщIыр хущIокъу щIыпIэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэр дызэрыт лъэхъэнэм декIуу къызэгъэпэщыным, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм я пщIэр жылагъуэм къыщыIэтыным.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Ди нэхъыжьыфIхэр

# Анэм и насып

**«Быныр анэм и хъуахуэщ», - жеIэ адыгэ псалъэжьым. Пасэрейхэм къытхуагъэна а Iущыгъэм пцIы зэрыхэмылъыр анэ насыпыр зыгъэунэхуа дэтхэнэми ещIэ. Бынращ дахагъэу щыIэмкIэ узыхуэупсэр, фIыгъуэ псори зыбгъэдэплъхьэну, къызэхъулIэну узыхуейр. А хъуэпсапIэр къызэхъулIам и дежкIэ дунейр жэнэтщ - сыт нэхъыфI уи бын зыхуей хуэзауэ, IэщIагъэщIэнығъэкIэ зэщIэгъэбыдауэ, я пIэщхьагъкIэ гукъеуэ ямыIэу плъагъун нэхърэ?! Апхуэдэ насыпкIэ Тхьэр зыхуэупсахэм ящыщщ Нарткъалэ щыпсэу Ерчэн Назыч. А бзылъхугъэ Iумахуэм лъэкI къигъэнакъым и бынитхур хабзэ, нэмыс яхэлъу, зыхэтым фIыкIэ къахэщу игъэсэн папщIэ.**


Ерчэн Назыч

НАЗЫЧ Аруан куейм хыхьэ Псыгуэнсу адыгэ жылэжьым къыщалъхуащ. Лъэпкъ хабзэмрэ нэмысымрэ щытепщэ, диным пщIэ щыхуащI жьэгут ар къызэрыхъукIа Мысостышхуэхэ Хьэдисрэ МылутIэрэ я унагъуэ дахэр. Мышэ, Жанпагуэ, ЖанIэфI сымэ нэхъ балигъ хъуат, Назыч къыщалъхуам щыгъуэ. И шыпхъу нэхъыжьхэм я цIэм екIуу абы Жануэс фIащауэ щытащ. ЗэрыжаIэжымкIэ, «Назыч» цIэр абы къуажэ ефэнды Гуэбэшы Темболэт къыфIищат, иджыри сабий цIынэу хъыджэбз цIыкIур сымаджэ хьэлъэ щыхъуам щыгъуэ. «Мы цIэмкIэ феджэ сабийм. Ар КъурIэным ит цIэ лъапIэхэм ящыщщи, ар зезыхьэр Тхьэшхуэм къихъумэнщ», - къажриIат зэщхьэгъусэхэм ефэнды лIыжьым. Апхуэдэу Жануэс Назыч хъуащ, и дэфтэрхэми итыр етIуанэу къыфIаща цIэращ.

Лъэхъэнэ гугъум ирихьэлIащ Назыч и сабиигъуэр. А зэманым щытепсэлъыхьыжкIэ, псом япэ абы зи гугъу ищIыр гу зыщимыхуэу зауэм дэкIыу къэзымыгъэзэжа и дэлъху закъуэращ.

- Сэ илъэсиплI сыхъуауэ арат Хэку зауэшхуэр къыщыхъеям щыгъуэ. Фронтым япэу дашахэм ящыщащ ди дэлъху закъуэ Мышэ мыгъуэр, - и гур къызэфIэнауэ жеIэ Назыч. - Нобэ хуэдэу сощIэж: «Уи гъусэу сынэкIуэнущ», - жысIэри сыкIэлъыщIэпхъуат си дэлъхум. «Сэ пшынэ цIыкIу къыпхуэсхьынурэ мыгувэу сыкъэкIуэжынущ», - къызжиIэри и Iэ лъэщитIымкIэ сыкъищтащ икIи лъагэу сыдрихьеящ, сыкърихьэхыжащ, IэплIэ, ба къысхуищIщ, си щхьэфэм Iэ къыдилъэри, ди анэм сритыжауэ щытащ... ФIыщэу сыкъэзылъагъуу щыта Мышэ хуабжьу сыхуэныкъуэми, абы къысхуихьыну сыкъызэригъэгугъа пшынэ цIыкIур си гум илъти, абыкIэ зэшыр зыщхьэщызгъэурт. Усабиймэ, Iуэхур зытетыр фIыуэ къыбгурымыIуэмэ, аракъэ...

ТекIуэныгъэм папщIэ зи псэр зыта мелуанхэм ящыщщ Назыч и дэлъху закъуэр. И дэлъхум и фэеплъу Назыч куэдрэ зэрихьащ зауэр иухыу зэман дэкIа нэужь Мышэ мыгъуэм и щхьэгъусэм къыхуищэхуауэ щыта пшынэр. «Уи дэлъхур хунэмысами, абы и цIэкIэ тыгъэ пхузощI мыр», - къыжриIат нысэм, Iэпибл зытелъ пшынэ цIыкIур Назыч къыщритым щыгъуэ. Абы зи нэ къыхуикI хъыджэбз гурыхуэ цIыкIум щIэх дыдэу пшынэ еуэкIэ зригъэсат икIи Мышэ мыгъуэм и фэ ириплъу ар куэдрэ игъэбзэрэбзащ. Назыч пшынэ щеуэкIэ, унагъуэм исхэм я гур занщIэу Мышэ деж жэрт: псоми я нэгу къыщIыхьэжырт щIалэ къуданым и псалъэхэмрэ и IуэхущIафэхэмрэ.

Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, Назыч щIэтIысхьащ Налшык къыщызэIуахагъащIэ кооператив техникумым. Я IэщIагъэм нэхъ хуэIэижь хъун папщIэ, техникумым пыщIауэ куейхэм щыIэ сату IуэхущIапIэхэм щIэхщIэхыурэ ягъакIуэрт студент ныбжьыщIэхэр. Апхуэдэу, къадеджэ гупым яхэту, Назычи Нарткъалэ районым ягъэкIуат, абы щекIуэкI лэжьыгъэм кIэлъыплъыну, сату Iуэху зехьэкIэхэм щыгъуазэ зищIыну. Угъурлы хуэхъуащ бзылъхугъэ цIыкIум щIыпIэр: и IэщIагъэм зэрыхигъэхъуам къыдэкIуэу, и насып зыхэлъ щIалэми щыхуэзащ. Ар Ерчэнхэ Хьэжмырзэрэ Кулэрэ я къуэ Хъусент.

Назыч зыхэхуа унагъуэр хабзэшхуэ, пщIэ, нэмыс зэрылът. КъызыхэкIа унагъуэм хуэдэ дыдэу, абы и нэхъыжьхэми диным пщIэ хуащIу, фIэщхъуныгъэр яIыгърэ КъурIэн еджэу апхуэдэхэт. Бзылъхугъэ цIыкIур Ерчэнхэ щIэхыу икIи фIы дыдэу яхэзэгъащ. Абы хэлъ хьэл-щэн дахэм, и IэбэкIэм, псэлъэкIэм - псоми яхьэхуащ Ерчэнхэ я унагъуэм исхэр. Зэщхьэгъусэ ныбжьыщIэхэри зэгурыIуэ яку дэлъу, насыпыфIэу зэдэпсэухэрт. 1958 гъэм абыхэм зэдагъуэтащ Темболэт зыфIаща я бын пажэр. Куэд дэмыкIыу дунейм къытехьащ Жамболэт. ЩIалэхэм яужькIэ къалъхуащ ФатIимэ, Жаннэ, Iэсият сымэ. НэхъыжьыфIхэр щапхъэ зыхуэхъу щIэблэр жыIэщIэу, гугъуехьхэм зыпыIуамыдзу къэтэджырт. УнагъуэщIэм насыпрэ дэрэжэгъуэу илъым щыгуфIыкIырт Хъусен и адэ-анэри Мысостышхуэхэ я нэхъыжьхэри.

- Си гуащэ-тхьэмадэр Тхьэм узэрелъэIуным хуэдэт: цIыху зэтетхэт, муслъымэнышхуэхэт. Си щхьэгъусэм и анэкъилъхухэрати, дэтхэнэри псэ хьэлэл, гу къабзэ зиIэхэт. Ахэр я щапхъэу дгъэсащ ди сабийхэр. ЗэрыцIыкIу лъандэрэ лэжьыгъэм щIэтпIыкIащ, жыIэдаIуэу, нэхъыжьым пщIэ хуащIу щытын зэрыхуейм хуэдущий зэпыту, - жеIэ Назыч. - Сигу къеуэр зыщ: и бынхэм я фIыгъуэ илъагъуну хунэмысу абыхэм я адэр дунейм зэрехыжарщ.

Хъусенрэ Назычрэ я насыпыр кIыхь хъуакъым. Илъэс 47-рэ фIэкIа мыхъуауэ, «и псэугъуэ дыдэт» жыхуаIэ ныбжьым иту, Хъусен зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. Ар гуауэшхуэт унагъуэми лъэпкъми я дежкIэ. Абы щыгъуэ быным я нэхъыжь Темболэт КъБКъУ-м и студент хъуагъащIэт, Жамболэт, ФатIимэ, Жаннэ сымэ школакIуэхэт, нэхъыщIэ Iэсият илъэс ебланэм ихьа къудейт. БалигъыпIэ иувауэ яхэт Темболэт къыгурыIуащ и анэм зыщIигъэкъуэн зэрыхуейр. Арати, махуэрыеджэ мыхъуу, лэжьыгъэри еджэнри здихьыну мурад ищIащ икIи Чернэ Речкэ къуажэм щызэхэт хозяйствэм и жыг хадэм лэжьэн щыщIидзащ.

- Гуауэр къыттепсыха нэужь, Темболэтрэ Жамболэтрэ икъукIэ щIэгъэкъуэн къысхуэхъуащ сабий нэхъыщIэхэр пIынымкIэ. Сэри дэн-бзэным сыхуэшэрыуэти, унагъуэ Iуэхухэм дэщIыгъуу, щыгъын зэмылIэужьыгъуэхэр здыурэ сщэрт, - игу къегъэкIыж Назыч а зэманыр. - Сабийхэм дэтхэнэми езым и къалэн иIэжти, ныкъусаныгъэншэу ар ягъэзащIэрт, жыIэ лейрэ шхыдэрэ хэмыту.

- СощIэж: дэтхэнэми ди пщэрылъ лэжьыгъэр тщымыгъупщэжын щхьэкIэ, Жамболэт ахэр зэрыт тхылъымпIэ блыным тхуфIидзауэ щытащ. Абы итт: «Темболэт IэнатIэ щыпэрыткIэ, абы сом къилэжьынщ, Жамболэт Iэщыр зыхуей хуигъэзэнщ, ФатIимэ жьыщIэнщ, тхьэщIэнщ, Жаннэ тхуэпщэфIэнщ, Iэсият цIыкIу ди хьэр игъэшхэнщ», - и анэм и псалъэм пещэ Назыч ипхъу нэхъыжь ФатIимэ. - А тхылъымпIэр зылъагъухэм ягъэщIагъуэрт, ауэ ди дежкIэ ар ди къалэнхэм дытезымыгъэплъэкъукI дэфтэрт.

Апхуэдэурэ гъащIэр екIуэкIырт. Назыч лъэкI къигъанэртэкъым и быныр зыхуей хуигъэзэнымкIэ. Щхьэгъусэ зыщхьэщымытыж бзылъхугъэм хузэфIэкIащ и сабийхэр лъэпкъ хабзэм и жыпхъэм иту игъэсэн, дэтхэнэми щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ яригъэгъуэтын. Ахэр псори КъБКъУ-м щеджащ. Темболэт агроном IэщIагъэр зригъэгъуэтащ, Жамболэт инженер-ухуакIуэ хъуащ, ФатIимэрэ Жаннэрэ химико-биологие факультетыр къаухащ, Iэсият экономист IэщIагъэр къыхихащ. Темболэтрэ Жамболэтрэ дзэм къулыкъу щащIа нэужь, я щIэныгъэм адэкIи хагъэхъуащ: абыхэм кандидат, доктор лэжьыгъэхэр ятхащ икIи ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкIащ.

Быным я дэтхэнэ лъагапIэми текIуэныгъэми и лъэр жан дэхъурт анэм, ахэрат абы и дунейр. ГуфIэгъуэт щIалэхэм нысэ къыщыхуашари, ахэр къулыкъукIэ щыдрагъэкIуэтеяри, хъыджэбзхэм пIэщхьагъ тынш зэрагъуэтари, нэрыбгэ зыхуэхъуа лъэпкъхэм зэрахэзагъэри, къуэрылъху-пхъурылъхухэр дунейм къыщытехьэхэри, абыхэм я быныжхэр зэрилъагъури. Гугъу ехьами, апхуэдэу фIыуэ я Iуэхур зэрызэфIэувамкIэ Назыч псом япэ фIыщIэ зыхуищIыр Тхьэшхуэрат. Зэрысабийрэ диным гулъытэ лей хуэзыщIу щыта бзылъхугъэм гукIи псэкIи а фIэщхъуныгъэм зритат, муслъымэныгъэм пыщIа фарзхэр зэригъэзэщIэным хущIэкъуу. Сабийхэм я адэр дунейм ехыжа нэужь, зы илъэси къэмынэу абы и псэм хуэщхьэпэн мулидхэр я унагъуэм щищIу хуежьащ Назыч. ИпэкIи бзылъхугъэм и гур хуэпабгъэрт диным. А гуращэр абы къыщыхалъхьат къызыщыхъуа, нысэ зыхуэхъуа унагъуэхэм. Аращ ар муслъымэнхэм я хъуэпсапIэм - Мэчэ-Мадинэм - тIэунейрэ щIэкIуэфари.

- Япэ дыдэ хьэж зэрысщIар зи фIыгъэр Темболэтщ. Зэгуэрым абы зэхихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху гуп хуит ящIауэ Сауд Хьэрыпым хьэжыщI зэрыкIуэр икIи сытригъэгушхуэри, а щIыналъэ лъапIэм сигъэкIуащ, - Мэчэм зэрыщыIам топсэлъыхь Назыч. - Муслъымэн щIыналъэм сызэрынэсу, абы хьэжыщI кIуауэ дунейм ехыжа си адэшхуэ Мысостышхуэ Адэлджэрий папщIэ мэлитI езгъэукIауэ щытащ. Ар Iэмал имыIэу сщIэн хуейуэ зыхуэзгъэувыжа Iуэхугъуэхэм ящыщт. ИтIанэ куэдрэ Тхьэ селъэIуащ ди щIыналъэм мамырыгъэр щытепщэу, гузэвэгъуэ дыхэмыхуэу дыпсэуну, къытхуищIа фIыгъуэхэм папщIи фIыщIэ хуэсщIащ.

Назыч и етIуанэрей хьэжыщIым хъыбар щхьэхуэ иIэщ. Ар пыщIащ и къуэ нэхъыщIэ Жамболэт зыхэхуауэ щыта гузэвэгъуэм. Куэдым ящIэж зэхъуэкIыныгъэхэм я кIэух зэман хьэлъэр. ЦIыху букIыныр е бдыгъуныр къызэрыгуэкI Iуэхуу къалъытэу щытащ щIэпхъаджащIэхэм. Апхуэдэ Iуэху мыщхьэпэ игъэунэхун хуей хъуат Жамболэти - мазищым щIигъукIэ ар гъэрыпIэм исащ. Назыч зэрыжиIэжымкIэ, зэгуэрым, къурмэн махуэхэр екIуэкIыу, щIалэр щаIыгъ щIыунэм къурмэныл хущIахьащ. «Къурмэныр зищIысыр пщIэрэ уэ? - къеупщIащ абы зыIыгъхэр. - Мыр къурмэнылщ. Тхьэ елъэIуи шхы». - «Сыт щIэзмыщIэр? Дэ дымуслъымэн унагъуэщ. Си анэр КъурIэн йоджэ, абы хьэж ищIащ», - жэуап итащ Жамболэт. Апхуэдэ жэуапыр ягъэщIагъуэу зэхуаIуэтэжащ щIалэр гъэру зыIыгъхэм. Куэд дэмыкIыуи Жамболэт Iэпсолъэпсоууэ я унагъуэм къихьэжащ. Абы и фIэщ хъурт псэууэ къезыгъэлар и анэм бгъэдэлъ лъапIэныгъэр, фIэщхъуныгъэр зэрыарар. И быныр псэууэ, узыншэу къыIэрыхьэжыну махуэ къэс Тхьэм елъэIу Назычи мурад ищIат, а фIыгъуэр къэхъумэ, иджыри зэ хьэжыщI кIуэну. Апхуэдэуи хъуащ.

- А къалэн лъапIэр бгъэзэщIэным гугъуехь куэд пылъщ, ауэ апхуэдиз фIыгъуэ къытхуэзыщIэ Тхьэшхуэм абы ущелъэIуныр, фIыщIэ щыхуэпщIыныр уасэ зимыIэ хъугъуэфIыгъуэщ, - жеIэ бзылъхугъэ Iумахуэм. - Псори зи фIыщIэр Алыхьыращ. Дыхуэарэзыщ.

«Жьыщхьэ махуэ хъуащ» зыхужаIэм хуэдэщ нобэ Назыч. Зи нэгум угъурлыгъэ кърих анэм, анэшхуэм хэлъ гуапагъэмрэ Iэсэлъасагъэмрэ, щабагъэмрэ цIыхугъэ инымрэ малъхъэдисым хуэдэу узыIэпашэ. ГъащIэм и IэфIри и дыджри зыхэзыщIа бзылъхугъэм и махуэхэр хуагъэдахэ лъэ быдэкIэ гъащIэм хэува и бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэ дахэм. Уи жьауэр куэдрэ абыхэм ятридзэну, Назыч!

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Щапхъэ

# ПщIэ лъагэ


Шыд Хьэзрит


Шыбзыхъуэ Иннэ

**Зи илъэси 100-р зыгъэлъапIэ Нарткъалэ и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм ущытепсэлъыхькIэ, гулъытэ хэха зыхуэщIыпхъэхэм ящыщщ абы и зэфIэувэныгъэм, зыужьыныгъэм зи гъащIэ псор тыхь хуэзыщIа Шыд Хьэзрит Къасбот и къуэр. ЕгъэджакIуэ Iэзэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт Хьэзрит илъэс куэдкIэ хьэлэлу пэрытащ а IэнатIэм.**

ЕГЪЭДЖАКIУЭУ лэжьэн щыщIидзам щIыгъуэ, Хьэзрит и ныбжьыр илъэс 15 ирикъуа къудейт. ЩIалэщIэр абы щыгъуэ зытеува лъагъуэр насыпыфIэу къыхущIэкIащ. Илъэс 64-кIэ щылэжьащ Хьэзрит егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм, къыхиха IэщIагъэм зы мэскъалкIи хущIемыгъуэжу. А лъэхъэнэм къриубыдэу ар щытащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэу, школым и унафэщIым и къуэдзэу, школ унафэщIу, егъэджэныгъэмкIэ Аруан куей IуэхущIапIэм и пашэу. Сыт хуэдэ къалэн пщэрылъ къыщамыщIами, Шыдым ар ирихьэкIащ и гуи и пси хилъхьэу.

ЩIэнгъуазэ пэлъытэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ тхыдэджым, методикэм хуэIэкIуэлъакIуэ егъэджакIуэм школакIуэхэм я пащхьэ ирилъхьэ дэтхэнэ дерсри щапхъэт. Сэ сахэхуакъым Хьэзрит иригъэджахэм, ауэ си насып къихьащ абы и унафэм сыщIэту Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м сыщылэжьэну. И нэIэр зытет дэтхэнэ лэжьакIуэми хуэнабдзэгубдзаплъэт нэхъыжьыфIыр. Уи дерсхэм щIэсынумэ, абыкIэ хъыбар уигъащIэрти, уимыгъэгузавэу, уимыгъэгужьейуэ уи лэжьэкIэм кIэлъыплъырт. Урокхэр зэфIэкIа нэужь, сощIэж, и деж ущIишэрти, пщIэ къызэрыпхуищIыр плъагъуу, щабэу, гуапэу къопсалъэрт, щыщIэныгъэ е узыхунэмыса гуэр щыIэмэ, Iэдэбу гу лъыуигъатэу. БлигъэкIынутэкъым уи зы ехъулIэныгъэ цIыкIуи, ар дерс тыкIэм епхами, сабийхэм уазэрепсалъэм ехьэлIами. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр Iуэхум нэхъри дытригъэгушхуэрт, сыт хуэдэ къэпщытэныгъэми дыхуэхьэзыру дигъасэрт. Адэущие щабэм едгъэщхь а зэхущытыкIэр зыхэзыщIэ дэри сыт щыгъуи дыхущIэкъурт ди къалэнхэр тэмэму зэрыдгъэзэщIэным, Хьэзрит къызэрытщыгугъым нэхърэ нэхъыфIыж дыхъуным. Апхуэдэу щытыр егъэджакIуэхэм я закъуэтэкъым, атIэ школым и гъэсэнхэри арат.

Школым щекIуэкI егъэджэныгъэ лэжьыгъэм къыдэкIуэу, Шыдым гулъытэшхуэ хуищIырт спортым, физкультурэм. Ар хуабжьу иригушхуэрт ди еджакIуэхэм абыкIэ къахь текIуэныгъэхэм.

СССР-м цIыхубэр егъэджэнымкIэ и отличник, РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, Нарткъалэ, Аруан куейм, ди республикэм я егъэджэныгъэ IэнатIэм зи щIэныгъэрэ зэфIэкIрэ езыхьэлIа Шыд Хьэзрит мы зэманым школым щымылэжьэжми, ар къытхэтщ и псалъэхэмкIэ, IуэхущIафэ дахэу иIахэмкIэ. Хьэзрит и дерсхэр я гум илъщ абы и гъэсэн бжыгъэншэхэми. Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэращ «егъэджэныгъэм и пкъо» жыхуаIэр.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Иннэ,**
*Нарткъалэ дэт курыт школ №2-м и унафэщI.*

• ДифI догъэлъапIэ

# Хъуэпсапlэр нахуапlэ зыщl

**Балигъ хъуурэ, унагъуэ зыухуэу бын зыгъуэта дэтхэнэ цIыхуми гъащIэм щиIэфыну насыпыр, и хъуэпсапIэ псори и жьэгу пащхьэм ирепх. Ауэ егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхахэм я апхуэдэ гуращэхэм гуэхыпIэ имыIэу щIагъу нэгъуэщI зы хъуэпсапIи - бын пэлъытэ яхуэхъу сабий цIыкIухэм я текIуэныгъэ, ехъулIэныгъэ ялъагъуныр абыхэм я дежкIэ фIыгъуэшхуэщ. Апхуэдэ си гупсысэхэр нэхъри щIигъэбыдащ иджыблагъэ сызыхуэза егъэджакIуэм дезгъэкIуэкIа псалъэмакъым.**

НАРТКЪАЛЭ дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Апэжыхь Iэминат Азэрбий и пхъур и IэнатIэм зэрыпэрытрэ илъэс 30-м щIигъуащ. А зэманым къриубыдэу Iэминат зэи къыхуихуакъым къыхиха и IэщIагъэ хьэлэмэтым щыхущIегъуэжа.

- СызэрыцIыкIурэ ди анэдэлъхубзэр фIыуэ слъагъуу сыкъэхъуащ. Абы и лъабжьэр ди унагъуэм пщIэшхуэ зэрыщиIэрт, - и IэщIагъэр къыхиха зэрыхъуам топсэлъыхьыж Апэжыхьыр. - АдыгэбзэмкIэ къыдэкI ди газет закъуэр - «Адыгэ псалъэр» (абы щыгъуэм «Ленин гъуэгур») - къаIэрыхьэу абы ит хъыбархэмкIэ зэдэгуэшэным хуэпIащIэрт ди унагъуэри ди гъунэгъухэри. Дэ, сабийхэри, апхуэдэ щытыкIэм дыщIапIыкIати, анэдэлъхубзэр ди псэм хэлът.

Школ кIуэгъуэ ныбжьым нэса нэужь, Iэминат адыгэбзэм хуиIэ лъагъуныгъэр зыкIи нэхъ кIащхъэ хъуакъым. Анзорей дэт курыт школ №2-м адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ ар щезыгъэджа СэвкIуий (Безыр) ШэIимэт егъэджакIуэ IэщIагъэм къыхуалъхуа жыхуаIэм хуэдэт, абы зэчиишхуэ хузиIэ цIыхут.

- ФIагъыу бгъэдэлъ псомкIи къыддэгуэшащ ШэIимэт, гъуэгугъэлъагъуи тхуэхъуащ. ЗыкъомкIэ аращ зи фIыщIэр адыгэбзэр, лъэпкъ литературэр нэхъ кууэ джыным сызэрытегушхуар, - жеIэ Iэминат.

Курыт еджапIэр фIы дэдэу къэзыуха адыгэ пщащэ цIыкIур КъБКъУ-м и студент нэхъыфIхэм хабжэу илъэси 5-кIэ щеджащ абы и тхыдэ-филологие факультетым. IэщIагъэ зэрызригъэгъуэтам щыхьэт техъуэ дипломыр къызэрыIэрыхьэжу, лъэпощхьэпо лъэпкъ хэмылъу, лэжьыгъэ IэнатIи къигъуэтащ. ЕгъэджакIуэ ныбжьыщIэм гуапэу къыIущIащ Лэскэн ЕтIуанэм дэт курыт школым и лэжьакIуэ гупыр. А лъэхъэнэр игу къыщигъэкIыжкIэ, Iэминат псом япэ зи цIэ къриIуэр абы щыгъуэ школ директору щыта Тхьэзэплъ Неллэщ. Зи лэжьыгъэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч егъэджакIуэм унафэщI щыпкъэр сыт и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуащ, чэнджэщ щхьэпэхэр, ущие Iущхэр къриту. Мы еджапIэращ Апэжыхьым япэ ехъулIэныгъэр щызыIэригъэхьари, лэжьыгъэм нэхъри тезыгъэгушхуэ япэ фIыщIэ, щытхъу псалъэхэр къыщыхужаIари. Лэскэн ЕтIуанэм зэрыщыIа илъэси 5-м къриубыдэу Iэминат егъэджакIуэфI хъуащ. ИужькIэ и лэжьыгъэм щыпищащ Нарткъалэ курыт школ №2-м. IуэхущIафэ дахэхэмкIэ цIэрыIуэ еджапIэм и гупым щIэхыу яхэзэгъащ Апэжыхьыр икIи абы и пщIэр нэхъри зэриIэтыным хущIэкъуу и къалэнхэм яужь ихьащ.


Апэжыхь Iэминат

Куэд дэмыкIыу абы и гъэсэнхэр куей, республикэ зэхьэзэхуэхэм я утыкум къихьэрэ я ехъулIэныгъэмкIэ я егъэджакIуэр ягъэгуфIэу хуежьащ. Iэминат ящыщщ «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм япэ дыдэу хыхьахэм. Абы жыджэру зэрыхэтам папщIэ, егъэджакIуэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «Адыгэ псалъэм», Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр, тыгъэ лъапIэхэри ящIыгъуу. Иужьрей зэпеуэм егъэджакIуэ Iэзэм хуигъэхьэзыра докладыр нэхъыфI дыдэу къалъытащ, абы и гъэсэнхэм ящыщ зым Аруан куейм япэ увыпIэр, республикэм ещанэр къыщихьащ. Апхуэдэу Апэжыхьым и еджакIуэщ ШколакIуэхэм я урысейпсо зэхьэзэхуэм ещанэ увыпIэр зыхуагъэфэщари.

- Си еджакIуэхэм срогушхуэ. А ныбжьыщIэхэм яхэтщ куэд зыхузэфIэкIыну сызыщыгугъхэр. Iэмал имыIэу ахэр псори адыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ хъун хуейуэ аракъым - щалъхуа я щIыналъэм и цIэр фIыкIэ ягъэIумэ, абы и зыужьыныгъэм гурэ псэкIэ хуэлажьэмэ, ар си дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэщ - и гурылъхэр къеIуатэ Апэжыхьым. - Адэ-анэ псоми я хъуэпсапIэхэр я унагъуэхэм, я бынхэм ирапх, сэ абыхэм гъусэ яхузощI си гъэсэн цIыкIухэм сазэрыхуэхъуапсэри.

Апэжыхьым и лъэр жан зыщIыр и нобэрей еджакIуэхэм яIэ ехъулIэныгъэхэм я закъуэкъым. Апхуэдэу ар ирогушхуэ икIи иропагэ и нэIэ тету балигъ гъащIэм хыхьауэ щхьэж и лъагъуэ щыпхызыш и гъэсэнхэм. Апхуэдэхэщ Апэжыхьым и лъэужьым ирикIуэхэу Шагъыр Риммэ, АфIэунэ Эллэ, Шыбзыхъуэ Джульеттэ, Тэрчокъуэ Оксанэ, нэгъуэщIхэри. Категорие нэхъыщхьэ илъэс куэд лъандэрэ зиIэ егъэджакIуэ гумызагъэр зыщылажьэ школым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щезыгъаджэ IэщIагъэлIхэм я методикэ зэгухьэныгъэм и унафэщIщ. Ар я ущиякIуэщ икIи я чэнджэщэгъущ егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм хьэлэлу пэрыт Iэминат унэгуащэ IэкIуэлъакIуэщ, анэ гумащIэщ. Абы и ехъулIэныгъэхэм щогуфIыкI и щхьэгъусэ Вэрыкъуэ Хьэжсуф, и бынхэу Астемыррэ Iэсиятрэ. Астемыр дыщэ медалкIэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, КъБКъУ-м и экономикэ факультетым щеджащ. Иджыпсту и IэщIагъэм иролажьэ. Iэсият Самарэ дэт медицинэ университетым и 5-нэ курсым щоджэ.

Адыгэ лъэпкъым и къэкIуэнум фIыкIэ хуэлажьэ бзылъхугъэ щыпкъэм ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну, и хъуэпсапIэхэм лъэIэсыну ди гуапэщ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

• Фэеплъ

# ЩIэблэм я гъуазэ

**ЩIэблэр егъэджэным, гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэным зи гъащIэ псор тезыухуахэм ящыщщ Бекъалды Мухьэмэд. ЕгъэджакIуэу, школ унафэщIу, егъэджэныгъэмкIэ куей IэнатIэм и пашэу илъэс куэдкIэ Нарткъалэ щылэжьащ Бекъалдыр.**

И IЭЩIАГЪЭМКIЭ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъа, зэфIэкIышхуэ зиIа егъэджакIуэ щыпкъэм и IэужьыфIхэр куэд мэхъу. Сыт хуэдэ IэнатIэ дзыхь къыхуащIами, Бекъалдыр дапщэщи хущIэкъуащ ар зэрыригъэфIэкIуэным, Iуэху зехьэкIэ пэрытхэр, къэралпсо щапхъэфIхэр и гъуазэу. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм кууэ зэрыхэтым къыдэкIуэу, щалъхуа щIыналъэр фIыуэ зылъагъу хэкупсэм иригъэкIуэкIырт тхыдэм епха щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр. Жэуаплыныгъэр зыхищIэу, дэтхэнэ къэхъукъащIэми хуэнабдзэгубдзаплъэу зэхуихьэса дэфтэрхэр абы иджащ икIи тхылъ щхьэхуэу къыдигъэкIыжауэ щытащ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ» тхылъыр нобэ школакIуэхэм ди республикэм и блэкIар зэрадж пособиехэм ящыщщ. Бзэ шэрыуэкIэ, къабзэкIэ тха лэжьыгъэм Iуэхугъуэ куэд къызэщIеубыдэ икIи удихьэхыу укъоджэ.

ЩIыналъэ егъэджэныгъэ IэнатIэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа Бекъалды Мухьэмэд зэфIиха лэжьыгъэфIхэм къэрал гулъытэ игъуэтащ. Абы къратащ ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъ куэд. Апхуэдэу къыфIащащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэри.

**БЖЭIУМЫХ Къантемыр.**

# Шэнтыкъум игу зэIухар

• Щапхъэ

**«Дохутыр IэщIагъэм къыхуалъхуащ», - нарткъалэдэсхэм апхуэдэу хужаIэ къалэм дэт Сабий поликлиникэм и лэжьакIуэ нэхъыжьхэм ящыщ Шэнтыкъу Люсенэ. Зигури зи псэри сабийхэм яхузэIуха, Гиппократ и тхьэрыIуэм хуэпэж бзылъхугъэ щыпкъэр зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъщ, ар цIыхухэм хьэлэлу яхуэзыгъэлажьэщ.**


Шэнтыкъу Люсенэ

ДОХУТЫР IэщIагъэр зэрыцIыкIурэ фIыуэ илъэгъуат Люсенэ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, ар щеджащ Налшык дэт медколледжым фельдшерхэр щагъэхьэзыр и къудамэм икIи диплом плъыжьыр иIэу абы къыщIэкIащ. 1969 - 1975 гъэхэм Люсенэ и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым.

Сабий дохутыр IэщIагъэр къыхэзыха бзылъхугъэ щыпкъэм и гъащIэ псор епхащ Нарткъалэ къыдэхъуэ щIэблэм я узыншагъэр хъумэным. 1986 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 20-м нэскIэ Шэнтыкъур щытащ къалэм дэт сабий поликлиникэм и унафэщIу. Сабий мащIэм сэбэп яхуэхъуакъым дохутыр Iэщабэ-Iущабэр, дэтхэнэми и узыр, и лажьэр гукIэ зыхищIэу. Апхуэдэ и псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэншэу къэнакъым. 1991 гъэм Люсенэ хъуащ «СССР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и отличник». Абы къыкIэлъыкIуащ «КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр», «Лэжьыгъэм и ветеран» цIэ лъапIэхэр, щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр.

И лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу зэрырихьэкIым къыдэкIуэу, Люсенэ жыджэру хэтщ къалэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми. 1998 гъэм къыщыщIэдзауэ ар Аруан куейм и бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIщ. Унагъуэм, сабиигъуэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ зэфIих апхуэдэ лэжьыгъэ купщIафIэхэм папщIэ, Шэнтыкъум къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм къыбгъэдэкI ЩIыхь тхылъыр.

Зи гъащIэм и дэтхэнэ махуэри псэ къабзагъэмрэ гу хьэлэлагъымрэ я щапхъэу щыт сабий дохутыр щыпкъэ Шэнтыкъу Люсенэ ящыщщ къалэм и тхыдэм и напэкIуэцIхэр лэжьыгъэ купщIафIэкIэ, дуней тетыкIэ екIукIэ зыгъэдахэ бзылъхугъэхэм.

**КЪАРДЭН Марэ.**

● Си бзэ - си псэ, си дуней

# Нарт лъахэм и бынхэр

**«Адыгэ псалъэ» газетым къыхилъхьауэ, КъБР-м Егъэджэнымкlэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм илъэси 10-м щIигъуауэ ирегъэкIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэхьэзэхуэр. Зы илъэси къанэркъым абы школ пщIы бжыгъэхэр, сабий садхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ хэмыту. Зэпеуэм жыджэру къыхохьэ Аруан куейм, абы и къалащхьэм и еджапIэ IэнатIэхэри.**

ЗЭПЕУЭМ и мыгъэрей Iыхьэр иужьрейуэ щекIуэкIа щIыпIэхэм ящыщщ Нарткъалэ. Республикэпсо зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэхэмрэ кIэлъыплъакIуэхэмрэ гуапэу ирагъэблэгъауэ щытащ къалэм дэт езанэ прогимназием. Адыгэ фащэхэр къызыщыпс ныбжьыщIэхэр а махуэм дэзт, махуэшхуэ гуэр ягъэлъапIэми ярейуэ, дахэу гъэщIэрэщIа Iуэхущlапlэм и пщIантIэм. Ар адыгэ Iуэхум зэрыхуэгъэпсам и щыхьэту, чырэ бжэгъукIэ яхуа сэрейхэр абы щегъэувэкIат. Прогимназиер гъэсапIэ, еджапIэ къудейуэ зэрыщымытым, ар сабийхэм я етIуанэ унэу зэралъытэм и щыхьэтт щIыхьэпIэм деж щыт жьэгур. ЩIэблэр гъэсэным хуэгъэзауэ мыбы лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIыр зыхэпщIэрт, адыгэбзэм пщIэшхуэ зэрыхуащIри къыбжаIэрт щIыхьэпIэм и щхьэм тетха псалъэхэми. ЩIэблэр лъэпкъ щэнхабзэм, анэдэлъхубзэм дегъэхьэхыным хуэунэтIауэ куэд зэфIэзыгъэкI егъэджакIуэхэр, прогимназием и унафэщI **Мэлбахъуэ Светланэ**, егъэджэныгъэмкIэ Аруан район IуэхущIапIэм и унафэщIхэр, нэгъуэщIхэри къапежьат зэпеуэм и къэпщытакIуэ гупым.

ХьэщIэхэр япэу зэплъар адыгэ шхыныгъуэхэр щегъэувэкIа гъэлъэгъуэныгъэрщ. Адыгэ ерыскъы гъэхьэзырыкIэм нарткъалэдэсхэр зэрыхуэIэзэр кърипщIэрт джэдлыбжьэм, пIастэм, жэмыкуэм, щIакхъуэ зэтеупIэщIыкIым, нэгъуэщI шхыныгъуэ гурыхьхэми. Пэшым и зы блыным кIэрытт адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта хьэкъущыкъухэр, унагъуэм илъын хуей хьэпшып цIыкIуфэкIухэр щызэхуэхьэса телъхьэпIэр. АдэкIэ прогимназием и гъэсэнхэр гъэхуауэ тепсэлъыхьащ къалэм и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэр, абы и щIыпIэ дахэхэр къызэрыщ сурэтхэм. Прогимназием и лэжьакIуэхэм, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм кIуэ ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэм хухэха плIанэпэри удэзыхьэхт. Абыхэм къагъэлъагъуэрт прогимназием екIуалIэ цIыкIухэм я гур лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм хузэIухауэ къызэрагъэхъур.

Апхуэдэ щIэдзапIэм пащэу, купщIафIэхэт икIи гъэщIэгъуэнхэт къэпщытакIуэ гупыр зыщIэса урок зэIухахэри. Сэбэпынагъ зыпылъ Iуэхугъуэ куэду зэхэухуэна дерс хъуат школым хуагъэхьэзыр гупым **Гъуэгунокъуэ Ленэ** щригъэкIуэкIар. Ар зытеухуауэ щытыну Iуэхугъуэр къаригъэщIэн мурадкIэ, усэ къеджащ егъэджакIуэр. ИкIи цIыкIухэм гугъу демыхьу къахутащ усакIуэм зи гугъу ищIыр гъэм и зэманхэм ящыщу дунейр дыщафэ щыхъу лъэхъэнэр зэрыарар. Бжьыхьэр сыткIи нэхъ къулейуэ къыщIалъытэм, ар адрейхэм къазэрыщхьэщыкIым егъэджакIуэр щыщIэупщIэм, ныбжьыщIэхэм жаIащ абы хадэхэкIыр, гъавэр, пхъэщхьэмыщхьэр - щIымахуэ шхыныр - къызэрыдэкIуэр, дунейр а лъэхъэнэм къриубыдэу уэлбанэрилэ зэрыхъур, цIыхухэм нэхъ хуабэу зэрызахуапэр, бзухэм я макъ нэхъ мащIэу фIэкIа зэрызэхамыхыжыр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи бжьыхьэм теухуауэ ящIэ усэхэм гъэхуауэ къеджащ, щапхъэ нэрылъагъухэри къахьащ, уэрэдхэри жаIащ. Iуэхугъуэ зэхуэмыдэ куэдым зэрыпэлъэщыр, гупсысэкIэ жан зэраIэр белджылы щыхъуа дерсым Ленэ и гъэсэнхэм щагъэлъэгъуащ анэдэлъхубзэ шэрыуэ зэраIурылъри.

Лъэпкъ фащэм и тхыдэм, абы и къекIуэкIыкIам, нобэ иIэ теплъэм теухуауэ сабийхэм нэхъыбэ яригъэщIэн мурадкIэ гъэщIэгъуэну зэхигъэува дерс иригъэкIуэкIащ гъэсакIуэ **Сомгъур Чэзибан**. Адыгэ фащэ иду жьэгум дэс Сэтэней деж хьэщIапIэ кIуа цIыкIухэм гъэщIэгъуэн куэд къыщащIащ нарт гуащэм и деж, езыхэри ящIэмкIэ ядэгуэшащ. Адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкI цIыху хэтыкIэми, зыIыгъыкIэми тепсэлъыхьащ дерсым щIэсхэр. «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым игъэзащIэ уэркъ къафэм сабийхэр иригъэплъа нэужь, зытепсэлъыхьа псори къызэщIикъуэжу, Чэзибан и гъэсэнхэм яжриIащ фащэм Iэпкълъэпкъыр дахэ зэрищIыр, ар зыщыгъым мыхъумыщIагъэ зэримыщIэр, ар адыгэм и фэилъхьэгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэу зэрыщытыр, нэгъуэщIхэри.

Адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ **Алъкъащ Оксанэ** 4-нэ классым щIэсхэм ядригъэкIуэкIа дерсыр теухуат адыгэ IуэрыIуатэм. ЩIалэ, хъыджэбз цIыкIухэм езыхэм ягу нэхъ ирихь псалъэжьхэр жаIэурэ ар къазэрыгурыIуэр ягъэбелджылын хуейуэ арати, абы хъарзынэу пэлъэщащ ныбжьыщIэхэр. Абы къигъэлъэгъуащ 4-нэ классым щIэс цIыкIухэр адыгэ дунейм зэрыпэмыжыжьэр, хабзэ зэрахэлъыр, анэдэлъхубзэм зэрыхуэшэрыуэр. ЕгъэджакIуэми и къалэнт езым фIэфI псалъэжьыр яжриIэн хуейуи, ар ребус теплъэ иIэу еджакIуэхэм я пащхьэ къызэрырихьар. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ирагъэжьа дерсым псалъэзэблэдзым и упщIэхэм жэуап етыжынри хэтти, абы пэрытыхукIэ ныбжьыщIэхэм къапщытэжащ псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, хъыбархэр, таурыхъхэр, псысэхэр. Сабийхэр адыгэбзэм зэрыхуэшэрыуэр кърипщIэрт а лэжьыгъэм. ЕгъэджакIуэм жиIэ псалъэхэр зыхэт хъыбарыр къащIэжын хуейти, абыи пэлъэщащ школакIуэхэр.

3-нэ классым **Къардэн Хуэмей** литературэмкIэ щита дерсым лъабжьэ хуэхъуар дыкъэзыухъуреихь дунейр сабийхэм егъэцIыхуныртт. Мэзым къыщыкI жыгхэр зыхуэдэр, цIыхухэмрэ жыгхэмрэ зэрызэхущыт щIыкIэр, хущхъуэ къызыхах къэкIыгъэхэр ди щIыпIэм зэрыщыкуэдыр - ахэрат Хуэмей иригъэкIуэкIыну сыхьэтыр зытеухуари, еджакIуэхэр хигъэгъуэзащ урокым и зэхэлъыкIэнум. Абы и пэщIэдзэм гъэм и зэманхэр къаригъэщIэжри, ныбжьыщIэхэр «дунеяплъэ иришэжьащ». Мэзым къыщыкI жыг лIэужьыгъуэхэр пхъэшыкъум деж щыфIэдза экраным кърилзэрт. Зэгуэр мэзым щыIа сабийхэм ялъэгъуа жыгхэр къацIыхужырт, я цIэхэр къащIэжырт. Апхуэдэу пхъэхуейр жыг щхьэ баринэ дахэу, и пкъыр лантIэу, ди щIыпIэм нэхъыфIу къыщыкIхэм зэращыщыр жаIащ. Мыбдежым ныбжьыщIэхэм ягу къагъэкIыжщ Есенин Сергей а жыгым триухуа и усэр икIи абы и япэ едзыгъуэр адыгэбзэкIэ зэрадзэкIащ. Хущхъуэ къызыхах къэкIыгъэхэм щытепсэлъыхьым мыщэхупщейр, хьэцыбанейр, зэрыджейр, къазмакъейр къыхагъэщащ, цIыхур щысымаджэм деж абыхэм къапыкIэхэри я къудамэ цIыкIухэри къызэрагъэсэбэпри ягъэбелджылащ. Мэзым щIыналъэр зэригъэдахэр, хьэуар зэригъэкъабзэр, жьышхуэ къепщэмэ, зэран мыхъун щхьэкIэ игъэзащIэ мыхьэнэр, нэгъуэщI куэди къащIауэ зэбгрыкIыжащ Хуэмей и еджакIуэхэр.

Нарткъалъэ дэт езанэ прогимназием щекIуэкI классщIыб гъэсэныгъэр кърагъэлъэгъуэну ягъэхьэзыра «Лъэтеувэ» дерсри хуабжьу гъэщIэгъуэн ящыхъуащ хьэщIэхэм. А лъэпкъ хабзэ дахэр нэсу къэзыгъэлъэгъуа сабийхэм анэдэлъхубзэм и махуэшхуэу еджапIэм щекIуэкIар адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжащ.

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ, 1 - 4-нэ классхэм щIэсхэр щрагъаджэ прогимназие №1-м щекIуэкI лэжьыгъэм и зы Iыхьэу арат а махуэм утыку кърахьари, егъэджакIуэхэм я Iэзагъри сабийхэм я жыджэрагъри Iупщlу къыхэщащ абыхэм.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.



Зэпеуэр щекIуэкIым.

● Гъуазджэ



# Теунэ Джэмал и лъагапIэхэр

**Нарткъалэдэс ныбжьыщIэ Теунэ Джэмал и дежкIэ 2002 гъэр хуабжьу угъурлыт. «Алло, зэчиифIэхэр къыдолъыхъуэ» куейпсо зэпеуэм уэрэд жыIэнымкIэ япэ увыпIэр къызэрыщихьрэ куэд дэмыкIауэ, щIалэ цIыкIур ирагъэблэгъат «КъБР-м и пщэдджыжь вагъуэ» эстрадэ уэрэдхэр жыIэнымкIэ республикэпсо зэпеуэм. Абы и щIыхь тхылъыр къызэрыхуагъэфэщам Джэмал нэхъри тригъэгушхуащ уэрэд жыIэным. Мыгувэу абы ехъулIэныгъэ къыщихьащ «Ставрополь щIыналъэм и пщэдджыжь вагъуэ» щIыналъэпсо телевиденэ зэхьэзэхуэм.**

- СИ ТВОРЧЕСКЭ зыужьыныгъэм пэщIэдзэ хуэхъуар адыгэ къафэм сыдихьэхыу, абыкIэ гупжьейм кIуэн зэрыщIэздзарщ. АдэкIэ уэрэд жыIэным ситхьэкъуащ икIи Нарткъалэ ЩэнхабзэкIэ и унэм абы зыхуэзгъасэу щыщIэздзащ, - игу къегъэкIыж Джэмал. - Гурэ псэкIэ къыздэлэжьащ си унэтIакIуэу, егъэджакIуэу сиIахэу ЖьэкIэмыхъу Жансурэтрэ Сапрыкинэ Галинэрэ. Къэсхьа текIуэныгъэхэм абыхэм я фIыгъэшхуэ хэлъщ. Абыхэм къысхузэIуахащ уэрэд жыIэным, утыку итыным хэлъ щэху куэд.

Абыхэм кърата дерс купщIафIэхэр я лъабжьэщ ныбжьыщIэм иужькIи зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм «Таурыхъым и дуней телъыджэ» Урысейпсо сабий театр-фестивалым и утыку щагъэлъэгъуа спектаклхэм япкъ иткIэ, «ЦIыхухъу ролыр нэхъыфI дыдэу зыгъэзэщIам» щIыхь тхылъыр Теунэ Джэмалщ зыхуагъэфэщауэ щытар. Апхуэдэ текIуэныгъэ лъагэхэр щIалэщIэм къыщихьауэ щытащ Геленджик щекIуэкIа щэнхабзэ зэхыхьэми, «Орлёнок» къэралпсо лагерым щыщыIам абы къыщызэрагъэпэщауэ щыта, УФ-м и НыбжьыщIэ театрхэм я фестивалми.

Куейм и къалащхьэм дэт курыт школ №5-р къыщиух илъэсым ирихьэлIэу, къыхихыну и мурад IэщIагъэмкIэ Теунэм пэщIэдзэ щIэныгъэ щызригъэгъуэтакIэт Нарткъалэ дэт макъамэ еджапIэмрэ Гъуазджэхэм я школу Налшык дэтымрэ. НыбжьыщIэ зэчиифIэм бгъэдэлъ зэфIэкIхэм иужькIэ щыхигъэхъуащ Театр гъуазджэмкIэ Урысей университетым (ГИТИС).

Тхьэр къызэрыхуэупса зэчийр нэхъ хуиту къызыкъуихынымкIэ, абы адэкIи зиужьынымкIэ, шэч хэмылъу, Джэмал сэбэпышхуэ къыхуэхъуащ а IэщIагъэмкIэ зэфIэкIышхуэ зиIэ цIыху куэд. А цIыху псэ къабзэхэм нэмыщI Джэмал фIыщIэ ин хуещI Нарткъалэ дэт «Престиж» ательем и унафэщI, дэрбзэр Iэзэ НэщIэпыджэ Любэ.

- Зым и дежкIи щэхукъым утыкушхуэхэм ихьэным пыщIа лъэпэщхьэпохэр. Убгъэдэлъ зэфIэкIым хуэкIуэу щытын хуейщ уи теплъэри. АбыкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къысхуэхъуащ НэщIэпыджэ Любэ, - жеIэ Джэмал. - Курыт школым сыщыщIэса гъэхэм къыщыщIэдзауэ, студент лъэхъэнэри хыхьэу, нобэр къыздэсым а бзылъхугъэ щыпкъэм зы илъэси къэмынэу фэилъхьэгъуэ екIухэр пщIэншэу схуед. Мы гъэми лъагъунлъагъу сыщыхуэкIуам щыгъуи апхуэдэ тыгъэфI дыдэ аргуэру къысхуищIащ абы. Зи мылъку хьэлэлым апхуэдэ псапэ хэзыщIыкIыф НэщIэпыджэ Любэ сохъуэхъу мастэнэу кърихам хуэдиз фIыгъуэ и щхьэми и унагъуэм щыщхэми Тхьэм къабгъэдилъхьэну.

Къэралым и щыхьэрым гъуазджэмкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэзыгъэгъуэта адыгэ щIалэщIэр иджыпсту щолажьэ Москва дэт «Кураж» театрым. Апхуэдэу абы ирегъэтх, егъэзащIэ куэдым я гум дыхьэ уэрэдыщIэхэр.

Щалъхуа Нарткъалэ, республикэм я цIэр утыкушхуэхэм фIыкIэ щызыгъэIу Теунэ Джэмал дохъуэхъу творческэ лъагапIэщIэхэм нэсыну, гъуазджэм ехъулIэныгъэщIэхэр щызыIэригъэхьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Гъэсэныгъэ

# Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ я лъапсэ

**Къэралыр сабийм зэрыхущытым къегъэлъагъуэ абы и зэIузэпэщыныгъэр зыхуэдэр. КъытщIэхъуэ щIэблэм игъуэт зыужьыныгъэмкIэ жэуаплыныгъэ зэрахьыр зыхащIэу, Нарткъалэ и унафэщIхэм я нэIэм щIэтщ щIыпIэм и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэхэр. Ахэр набдзэгубдзаплъэу кIэлъоплъ сабий IуэхущIапIэхэм я пщэрылъ къалэнхэр дагъуэншэу зэфIахыным, зыхуейзыхуэфIхэмкIэ ахэр къызэгъэпэщынми гулъытэ хэха хуащIу.**

ЩIЫПIЭМ щынэхъыфI гъэсапIэ IэнатIэхэм хабжэ къалэм дэт пэщIэдзэ школ-сабий сад (НШДС) №14-р. «Нэхунэ» цIэ дахэр зезыхьэ IуэхущIапIэм щогугъу абы екIуалIэ цIыкIухэм я гупсысэм зегъэужьыным, пэщIэдзэ щIэныгъэ етыным, лъэпкъ гъэсэныгъэ екIу яхэлъхьэным.

Къапэщыт къалэнхэр ныкъусаныгъэншэу зэфIахыным, Iуэху зехьэкIэщIэхэр, иджырей гъэсэныгъэ методикэхэр шэщIауэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпыным НШДС-м и гъэсакIуэхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ хуеунэтI IуэхущIапIэм и унафэщI Хьэлышх Лидэ. Ар сабий гъэсапIэм и пашэу зэрыщыт зэманым къриубыдэу абы зэхъуэкIыныгъэфIхэр игъуэтащ. УнафэщI щыпкъэм, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэм хузэфIокI ар ефIакIуэу, нобэрей зэманми дэбэкъуэфу щигъэтыныр. Сабий садыр дахагъэм, гуапагъэм, гъэсэныгъэм я лъапсэ нэху зэрищIыным дапщэщи йолIалIэ Лидэ. Абы къызэрилъытэмкIэ, IуэхущIапIэм зэфIих лэжьыгъэ псори хуэунэтIащ зэхэщIыкI зиIэ, зыужьыныгъэм хуэпабгъэ щIэблэ узыншэ къэгъэтэджыным.

Сабийхэм я узыншагъэм сабий садым щыкIэлъоплъ абы и медицинэ лэжьакIуэхэр, а унэтIыныгъэмкIэ цIыкIухэр зыхуеину псори къызэрагъэпэщу. Абы хуэгъэпсащ хьэуа къабзэм щIэхщIэхыурэ щрагъэкIуэкI физкультурэ дерсхэри. ФизкультурэмкIэ инструктор Махъсидэ Аидэ гулъытэшхуэ хуещI сабийхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм хэгъэхъуэным, абыкIи ехъулIэныгъэфIхэр зыIэрегъэхьэ. Апхуэдэу гъэсапIэм екIуалIэ сабийхэр къэуат зыщIэлъ ерыскъы къабзэкIэ ягъашхэ, абыхэм я Iэпкълъэпкъым тэмэму зиужьын папщIэ зыхуеину псори къалъытэу. А Iуэхум йогугъу илъэс 30-м щIигъуауэ абы щылажьэхэу Къудейхэ Олеся, ФатIимэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

НШДС-м щызэфIах егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэр ятещIыхьащ «Сабиигъуэ», «Урысейм и школ», нэгъуэщI программэ цIэрыIуэхэми. 1 - 4-нэ классхэм Iэмалыншэу ирагъэдж предметхэм къадэкIуэу, абыхэм къызэщIаубыдэ сабий гупсысэм зезыгъэужь, абыхэм я дуней еплъыкIэр зыузэщI джэгукIэхэр, зэпеуэхэр, гупжьей зэмылIэужьыгъуэхэм зыщыхурагъасэ IэпщIэлъапщIагъэхэр. КъинэмыщIауэ, къэралым, республикэм щагъэлъапIэ махуэшхуэхэр садми гулъытэншэ щыхъуркъым. Зэманым зэрызихъуэжар къалъытэу, «Нэхунэм» и гъэсэнхэм драгъэкIуэкI лэжьыгъэм я нэхъыбапIэр иджырей технологие пэрытхэр, техникэщIэхэр къагъэсэбэпурэ яухуэ. Технологиехэм хуэIэрыхуэщ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм я нэхъыбапIэр. Апхуэдэхэщ лэжьыгъэ купщIафIэ зэфIэзыххэу Гарюновэ Татьянэ, Къуэкъуей Валентинэ, Вэрокъуэ Заринэ, ПщыукI Залинэ, Огай Татьянэ, Карабут Людмилэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩIэблэм лъэпкъ гъэсэныгъэ етыным хуагъэпс садым щекIуэкI лэжьыгъэ куэд. Апхуэдэу цIыкIухэр ди хабзэмрэ хьэл-щэнымрэ щIапIыкIын щхьэкIэ, гъэсакIуэхэм гупхэм къыщызэрагъэпэщ дерс купщIафIэхэр, зэхуэс хьэлэмэтхэр. Абыхэм цIыкIухэр щыгъуазэ щохъу лъэпкъ тхьэлъэIу зэхуэмыдэхэм, адыгэ хьэгъуэлIыгъуэм щыщ хабзэ щхьэхуэхэм, езыхэми ахэр ягъэзэщIэфу ирагъасэ, Iуэхур зытеухуа махуэ лъапIэм теухуауэ усэхэр, уэрэдхэр жаIэ, къэфэнымкIэ яIэ зэфIэкIхэри ягъэлъагъуэ. Апхуэдэу цIыкIухэм зрагъащIэ къызыхэкIа лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэхэм щыщхэр: нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ, адэ-анэмрэ бынымрэ, цIы- хухъухэмрэ бзылъхугъэхэмрэ яку илъын хуей пщIэр, нэмысыр, гулъытэр, н.къ. А лъапIэныгъэхэм садым и гъэсэнхэр хуеущий абы адыгэбзэр щезыгъэдж, зи IэщIагъэмкIэ щIэныгъэфI зыбгъэдэлъ Анимокъуэ Мадинэ.

ГъэсакIуэхэм я лэжьыгъэр щекIуэкIыр садым и унэм и закъуэкъым. Апхуэдэу, сабийхэр лэжьыгъэм щIэпIыкIын мурадкIэ, гъэсакIуэхэм цIыкIухэр зыдагъэIэпыкъуурэ зыхуей хуэзэу зэрахьэ IуэхущIапIэм и пщIантIэм дэт удз гъагъэхэр, нэгъуэщI къэкIыгъэхэр.

Сабий садым и унафэщIхэр, гъэсакIуэхэр шэщIауэ ядолажьэ я гъэсэнхэми абыхэм я адэ-анэхэми. Ахэр Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм жыджэру къыхашэ. Садым зы махуэшхуи щекIуэкIыу къыщIэкIынкъым адэ-анэхэм ящыщ къэрамыгъэблагъэу. Ахэр я бынхэм яIэ хъуа зэфIэкIхэм кIэлъагъэплъ. Къищынэмыщ Iауэ, сабийхэм ящIа сурэтхэр, я IэкIэ ящIа хьэпшып цIыкIу зэхуэмыдэхэр адэ-анэхэм тыгъэ хуащI. А щIыкIэм тету мэлажьэ «Сабий сад - унагъуэ» программэр.

2013 - 2014 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу IуэхущIапIэр хъарзынэу зэрагъэпэщыжащ. Абы и пэшхэр, сабий джэгупIэхэр, шхапIэхэр зыхуей хуагъэзэжащ, цIыкIухэр дэзыхьэхын теплъэгъуэхэр къызэрыщ сурэтхэр адэкIэмыдэкIэ щыфIадзащ, хьэпшып гъэщIэгъуэнхэр пэшхэм щIагъэуващ. А псори я фIыщIэщ зы унагъуэ дахэм хуэдэу зэдэлажьэ гупым, садым и унафэщIым. Апхуэдэу зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу Iуэхур зезыхьэ гъэсакIуэхэм лэжьыгъэм адэкIи ехъулIэныгъэ щаIэну, Нартхэм я къалэ уардэр зэрыгушхуэн щIэблэ къащIэхъуэну ди гуапэщ.



Хьэлышх Лидэ





«Нэхунэм» и гъэсэн цIыкIухэр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

# Зи Iэпэм дыщэ къыпыщ бзылъхугъэ щыпкъэ

● Щапхъэ

**Нарткъалэрэ Аруан куейм хыхьэ жылэхэмрэ я мызакъуэу, ди республикэм и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми щыцIэрыIуэщ «Престиж» дэрбзэр IуэхущIапIэр. Абы и щхьэусыгъуэр зыщ: IэнатIэм цIыхухэм яхуищIэ Iуэхутхьэбзэр куэдым гунэс ящохъу и гъэзэщIэкIэкIи зытещIыхьа мардэхэмкIи. «Престиж»-м и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къызэрегъэпэщ абы и унафэщI, КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ НэщIэпыджэ Любэ.**

ДЭРБЗЭР IэщIагъэм зэрыцIыкIу лъандэрэ гу хуищIат Любэ. Къэхъун къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, пщащэ цIыкIум и хъуэпсапIэр зригъэхъулIащ: фIыуэ илъагъу IэщIагъэм и щэхухэм ар щыхуеджащ Ставрополь дэт технологие техникумым. Еджэныр зэфIигъэкIа нэужь, НэщIэпыджэм лэжьэн щыщIидзащ Нарткъалэ и «Сервисбыт» зэгухьэныгъэм. ЗэфIэкI лъагэ зыбгъэдэлъ лэжьакIуэ пэрытым гу лъамытэу къэнакъым IуэхущIапIэм и унафэщIхэм икIи куэд дэмыкIыу ар ягъэуващ абы и технолог нэхъыщхьэу. Дауи, а къалэным пылъ жэуаплыныгъэр зыхищIэрт Любэ, арщхьэкIэ гугъуехьхэм, лъэпо-щхьэпохэм къапикIуэту емыса бзылъхугъэ щыпкъэм хулъэкIащ а IэнатIэри дагъуэншэу илъэси 6-кIэ зэрихьэн.

1993 гъэм НэщIэпыджэм дзыхь къыхуащIащ «Сервисбыт»-м Нарткъалэ щиIэ ательем и унафэщI къалэныр. А лъэхъэнэм ирихьэлIэу а IэнатIэр хэхъуэшхуэ къэзымыт IуэхущIапIэхэм ящыщт. Пщэрылъ къыхуащIхэм жэуаплыныгъэр зыхищIэу, жэрдэмыщIэхэр хилъхьэу бгъэдыхьэ бзылъхугъэм дэрбзэр IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр зэман кIэщIым къриубыдэу иригъэфIэкIуащ. Ательем щекIуэкI Iуэху зехьэкIэм и лъабжьэ ищIащ «Ритм» мардэщIэр. Абы и купщIэр цIыхур зыхуей Iуэхутхьэбзэр къызыхуэтыншэу икIи зэман кIэщIым къриубыдэу яхуэщIэнырт.

Апхуэдэ лэжьэкIэщIэм и хъерыр куэд дэмыкIыу нэрылъагъу хъуащ. Ательем къахуэкIуэ цIыхухэм я бжыгъэм хэпщIыкIыу хэхъуащ, лэжьыгъэр нэхъыбэ зэрыхъуам къыхэкIыу, НэщIэпыджэм IуэхущIапIэм къришэлIащ нэгъуэщI IэщIагъэлIхэри. ЦIыхухэм гуапэу, набдзэгубдзаплъэу щахущыт ательер цIэрыIуэ хъууэ хуежьащ, апхуэдэу жылагъуэм щызэлъащIысащ зи Iэпэм дыщэ къыпыщ НэщIэпыджэ Любэ и IэкIуэлъакIуагъым и хъыбарри.

2001 гъэм НэщIэпыджэм къызэIуихащ уней дэрбзэр IуэхущIапIэ. Зыхуеину псомкIи къызэгъэпэща пэшхэм абы и нэIэм щIэту щолажьэ гуп зэгурыIуэ. «Престиж»-м фIэкIа нэгъуэщI щIыпIэ щамыгъадэу Нарткъали, гъунэгъу жылэхэми, уеблэмэ Налшык, Бахъсэн, Шэджэм къалэхэми цIыху куэд дэсщ. Зэщхькъым Любэ и деж къекIуалIэ цIыхухэр, я IэщIагъэкIи я ныбжькIи. Абы щыгъын екIухэр щрагъэд унэгуащэхэми къэрал къулыкъущIэхэми, цIыхухъухэми бзылъхугъэхэми, сабийхэми балигъхэми. Хьэлэмэтракъэ, НэщIэпыджэр дэтхэнэми ядолэжьэф, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къахуегъуэтыф, арэзы ещIыф. Абы и лъабжьэр, псом япэрауэ, и IэщIагъэм хуиIэ лъагъуныгъэрщ, цIыхухэм яхуищI пщIэрщ, набдзэгубдзаплъэу зэрахущытырщ, псапэ щIэным зэрыхуэмыхейрщ.



НэщIэпыджэ Любэ

НэщIэпыджэм зэрыжиIэмкIэ, ехъулIэныгъэхэр езыр-езыру къакIуэркъым. Абы я гуащIэшхуэ халъхьэ зэрыIыгъыу зэдэлажьэ гупым хэт дэтхэнэми икIи Любэ абыхэм фIыщIэ яхуещI апхуэдэ Iуэху зехьэкIэфIым щхьэкIэ.

И лэжьыгъэм къыдэкIуэу, НэщIэпыджэр жыджэру хэтщ Нарткъалэ щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми. Ар КъБР-м и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм Аруан куейм щиIэ къудамэм хэтщ, щIыпIэм къыщызэрагъэпэщ щэнхабзэ зэхыхьэхэм, гъэлъэгъуэныгъэ, еплъыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирагъэблагъэ.

Бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэр, хьэрычэтыщIэ Iуэхум куейм зыщиужьыным хуищI хэлъхьэныгъэр къалъытэри, НэщIэпыджэ Любэ къыфIащащ «КъБР-м цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм, Аруан куей администрацэм, республикэм и Бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэр мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ. УФ-м Жылагъуэ къэлъытэныгъэмкIэ и академием НэщIэпыджэ Любэ къриташ «Iуэху зезыхьэ бзылъхугъэ нэхъыфIхэр» медалыр.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Щэнхабзэ

# ГъащIэр зыгъэдахэхэр


Сапрыкинэ Галинэ

**«Нартхасэ» къэфакIуэ ансамблыр 1967 гъэм къызэрагъэпэщащ. Гуп гъуэзэджэр Нарткъалэ и мызакъуэу, ди республикэми, къэралми, нэгъуэщI щIыпIэ куэдми щыцIэрыIуэщ. Аруан куейми абы и къалащхьэми зы щэнхабзэ Iуэхугъуэ щекIуэкIыркъым, гупыр жыджэру хэмыту, и къэфэкIэ екIумкIэ цIыхухэм я гукъыдэжыр къиIэту.**

Къызэрызэрагъэпэщ лъандэрэ гупым и унафэщIщ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Пэрыт Мухьэдин**. Ар и пашэу «Нартхасэр» мызэ-мытIэу щытекIуащ творческэ гупхэм я республикэпсо, урысейпсо еплъыныгъэхэм. КъищынэмыщIауэ, абы ехъулIэныгъэшхуэхэр иIэу зыкъыщигъэлъэгъуащ Тыркум, Сирием, Иракым, Болгарием, Чехословакием, нэгъуэщI къэралхэми. «Бгырыс лъэпкъхэм я IуэрыIуатэр» дунейпсо фестивалу Польшэм щекIуэкIам «Нартхасэ» ансамблым къыщыхуагъэфэщауэ щытащ «Дыщэ джыдэ цIыкIу» саугъэт нэхъыщхьэр. А тыгъэ лъапIэр КъБР-м и Лъэпкъ музейм щахъумэ.

Илъэс 30-м нэсауэ Нарткъалэ щолажьэ **Сапрыкинэ Галинэ** зи унафэщI ЩIалэгъуалэ театр-студиер. Бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэр къалъытэри, илъэс зыбжанэ и пэкIэ гупым къыфIащауэ щытащ «цIыхубэ театр» цIэ лъапIэр. Театрым хэт артистхэм я щIэныгъэм, зэфIэкIым щыхагъахъуэ ди республикэм, Москва, Краснодар, Ярославль къалэхэм щыIэ гъуазджэ еджапIэхэм.

ЦIыхубэ театр цIэрыIуэм и джэгукIэр гунэс зыщыхъур ди щIыналъэм и театреплъхэм я закъуэкъым. Театрым игъэув спектаклхэм Iэгуауэшхуэхэр щыхуаIэтащ Германием, Франджым, Чехием, Эстонием, Болгарием, Украинэм.

«Къэбэрдей» ди лъэпкъыцIэ уардэр зэрихьэу куейм зэман кIыхькIэ щылэжьащ творческэ гуп дахэ. Абыхэм ягъэзащIэрт пасэрей, иджырей адыгэ уэрэдхэр. ЦIыхубэ уэрэдымкIэ ансамблым и солистхэт Мэкъуауэ Юрэ, Бэрэгъун Анатолэ, Сэбан Заретэ, Мэкъуауэ Маритэ сымэ. Гупым и художественнэ унафэщIу щытащ уэрэдус Iэзэ, пшынауэ IэкIуэлъакIуэ **ЖьэкIэмыхъу Жансурэт**. «Къэбэрдейм» ит концертхэр хуэдэт IуэрыIуатэр зи лъабжьэ спектакль хьэлэмэтхэм.

Къэфэным дихьэх нэхъ цIыкIуIуэхэр йокIуалIэ **Сэралъп Жаннэ** зи пашэ «Вдохновение» балет гупым. Тхыдэшхуэ имыIэми, гупым ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ар щытекIуащ «Iуащхьэмахуэ къыщхьэщыт вагъуэбэ» республикэпсо еплъыныгъэм.

Нарткъалэ щолажьэ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и къудамэ. Ар и лъабжьэу къалэм щыIэщ НыбжьыщIэхэр художествэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхурагъаджэ школ. Абы и унафэщIщ зэчий куэд зыбгъэдэлъ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэ **Къардэн Равидэ**. Школым къыщызэрагъэпэщ дерсхэр теухуащ ныбжьыщIэхэр сурэт щIыным, пхъэм елэжьыным, ятIагъуэм скульптурэхэр къыхэщIыкIыным егъэсэным. ХудожествэхэмкIэ школым и гъэсэнхэм я IэдакъэщIэкI хьэлэмэтхэр мызэ-мытIэу щагъэлъэгъуащ республикэпсо, къэралпсо утыкухэм, Сабий творчествэмкIэ дунейпсо еплъыныгъэм. Абыхэм къахэкIащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и стипендие хэха зыхуагъэувахэри.

Макъамэ школыр къызэрызэIуахрэ мы гъэм ирокъу илъэс 55-рэ. Абы и унафэщI **Жылэ Еленэ** зэрыжиIэмкIэ, а зэманым къриубыдэу школым къыщIигъэкIащ еджакIуэ миным щIигъу. Фортепианэ, гитарэ, пшынэ еуэфу, уэрэд жаIэфу ирагъасэ ныбжьыщIэхэм ящыщ куэдым макъамэ школым къарита пэщIэдзэ щIэныгъэм адэкIэ щыхагъахъуэ республикэм, къэралым гъуазджэмкIэ и еджапIэхэм.

**ЖЫЛОКЪУЭ Мирэ.**


Жылэ Еленэ и гъэсэнхэр и гъусэу.


Къалэм и творческэ гупхэр.


IэпщIэлъапщIэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ.


«Нарт Хасэ» гупыр къофэ.

● Футбол



# «Нартыр» зи къежьапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ къэралпсо утыку ихьа футбол командэхэр куэд хъуркъым. Абыхэм ящыщ зыщ Нарткъалэ и «Нарт»-р.

КЪЭРАЛЫМ футболымкIэ и етIуанэ лигэм щыджэгу Налшык и «Спартак»-м, Прохладнэ и «Кавказкабель»-м, Бахъсэн и «Автозапчасть»-м 1995 гъэм къахэхъуащ ещанэ дивизионым хагъэхьа Нарткъалэ и «Спартак-2»-р. Ди республикэм и командэ нэхъыщхьэм ар и щIэгъэкъуэн хъун хуейт.

Япэу зыхыхьа къэралпсо зэхьэзэхуэм нарткъалэдэсхэр щыхуэмыхуакъым икIи футболист цIэрыIуэ Наурыз Басир зи унафэщI гупым ебланэ увыпIэм щыту зэпеуэр иухащ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым «Спартак-2»-м и цIэр а щIыпIэм нэхъ къезэгъ «Нарт»-кIэ яхъуэжащ, абы теухуауэ «Маяк» газетым къытехуа тхыгъэр тегъэщIапIэ ящIри.

Нарткъалэдэсхэр илъэс зыбжанэкIэ ехъулIэныгъэхэр яIэу къэралым и етIуанэ, ещанэ лигэхэм щыджэгуащ. Абы я зэфIэкIыр къыщызэIуахащ тренер гъуэзэджэ КIурашын Владимир, футболист цIэрыIуэ хъуахэу Мыз Анзор, Хьэтэ Аслъэн, Щоджэн Алик, Гъурыжь Юрэ, Къэжэр Арсен, Джатэгъэжь Инал сымэ, нэгъуэщIхэми. Ди щIалэхэм ядэщIыну Нарткъалэ и «Химик» стадионым цIыху минхэр къекIуалIэрт.

Нобэ «Нарт»-р Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп нэхъыщхьэм хэтщ. Нэхъапэм мызэ-мытIэу ди республикэм и чемпион хъуа, абы и кубокыр къэзыхьа Нарткъалэ и «Химик»-м и лъэужь дахэм ар ирокIуэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Картинг

## Республикэм щыпашэхэр

Картингыр хуабжьу удэзыхьэх спорт лIэужьыгъуэщ. Зы цIыху фIэкIа зэрымыхуэ автомашинэ цIыкIужьейхэр гъуахъуэу къыщызэдэжэкIэ, абы узыIэпимышэнкIэ Iэмал иIэкъым.

НАРТКЪАЛЭ и школхэм ящыщ зым географиемкIэ щезыгъаджэ Песегов Анатолий илъэс плIыщI ипэкIэ картингым дихьэххэм я гупжьей къызэригъэпэщащ. Мыгувэу автомашинэ цIыкIухэр езыхэм зэпкъралъхьэжри, къэжыхьыным зыхуагъасэу щIадзащ.

Зэман дэкIри зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хыхьащ. Япэ ехъулIэныгъэр къащыIэрыхьар «Пионерская правда» газетым и саугъэтым щыщIэбэнарщ. Абы еханэ увыпIэр щаубыдат. КъыкIэлъыкIуэ 1979 гъэм а зэпеуэм жэз медалхэр къыщахьащ, Совет Союзым и щIыпIэ 17-м къикIахэр къызэранэкIри.

Абы лъандэрэ куэд дэкIащ. Нарткъалэ и картингистхэм спортым и мастерхэмрэ кандидатхэмрэ мымащIэу къахэкIащ. КъБР-м и Iэтащхьэм и саугъэтыр 8 къахьащ, Урысей Федерацэм и школакIуэхэм я зэпеуэм дыжьын медалхэр щызэIэрагъэхьащ, Урысей Ипщэ лъэныкъуэм тIэунейрэ и чемпионщ. Ар я фIыгъэщ клубым и унафэщI, спортсмен ахъырзэман Уэлджыр Аскэр, абы и президент Бекъалды Олег, тренер Песегов Анатолий сымэ.

Куэд щIакъым Нарткъалэ картодром тельыджэ зэрыщаухуэрэ. Иджы абы Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатхэр, нэгъуэщI зэ-хьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щокIуэкI икIи цIыхухэм дэрэжэгъуэ ин щагъуэт.

КЪЭХЪУН Бэч.

# ЛIэщIыгъуэ гъуэгуанэр ягъэлъапIэ



Аруан куейм и къалащхьэм и юбилейм и щIыхькIэ, Iуащхьэмахуэ и щыгум щаIэтащ «ФIыуэ тлъагъу Нарткъалэ илъэси 100 ирокъу» плакатышхуэр, Адыгэ ныпыр. А Iуэхугъуэ дахэм и жэрдэмщIакIуэщ Нарткъалэ дэт автомобиль школым и унафэщI Гулэжын Беслъэн. Iуащхьэмахуэ дэкIа гупым хэтащ Аруан военкоматым и лэжьакIуэ Шыбзыхъуэ Инал, УФ-м альпинизмэмкIэ спортым и кандидат Шыбзыхъуэ Къазбэч, БецIыкIу Аслъэн, Цоков Темырлан, нэгъуэщIхэри. Ахэр сурэтхэм щыволъагъу.

● Махуэшхуэм и щIыхькIэ




КъыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

КъыдэкIыгъуэр щыдгъэхьэзырым зи уней дэфтэр архивыр хуит къытхуэзыщIа Щоджэн Риммэ, апхуэдэу сэбэп къытхуэхъуахэу Сокъур Риммэрэ куейм къыщыдэкI «Маяк» газетым и редакцэм и лэжьакIуэхэмрэ фIыщIэ ин яхудощI.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5 , епщIанэ къат

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къ., Лениным и уэрам, 33

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

№ Н-0065
Индексыр 51531
Тираж 4.757
Заказ №2655